

**ALIH KODE SAHA CAMPUR KODE
WONTEN ING TEMBANG HIP-HOP JAWI
ANGGITANIPUN JOGJA HIP-HOP FOUNDATION**

SKRIPSI

Dipunaturaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Saperangan Prasarat Kangge Pikantuk

Gelar Sarjana Pendidikan



dening:

Fandi Ahmad

NIM 10205241047

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Alih Kode Saha Campur Kode Wonten Ing Tembang Hip-Hop Jawi Anggitanipun Jogja Hip-Hop Foundation* punika saged dipunujekaken awit sampun pikantuk palilah saking dosen pembimbing.



Yogyakarta, 6 Juni 2014

Pembimbing

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Nurhayati".



Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum

NIP. 19571231 198303 2 004

PANGESAHAAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Alih Kode Saha Campur Kode Wonten Ing Tembang Hip-Hop Jawi Anggitanipun Jogja Hip-Hop Foundation* sampun diandharaken ing pandadaran wonten ing ngajengipun Dewan Penguji dinten Jumat tanggal 27 Juni 2014 saha dipuntetepaken lulus.

Dewan Penguji


Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
1. Drs. Afendy W., M. Phil.	Ketua Penguji		7 Juli 2014
2. Avi Meilawati, S. Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		8 Juli 2014
3. Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.	Penguji Utama		7 Juli 2014
4. Prof. Dr. Endang N., M. Hum.	Penguji Pendamping		8 Juli 2014

Yogyakarta, Juli 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ngandhap punika, kula:

Nama : Fandi Ahmad
NIM : 10205241047
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih karya ilmiah punika asil panaliten kula piyambak. Ingkang kula mangertos, karya ilmiah punika boten dipunuji kangge pikantuk gelar sarjana pendidikan wonten Perguruan Tinggi sanesipun. Saha ingkang kula mangertosi ugi, wosipun karya ilmiah punika boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka acuan kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat karya ilmiah ingkang umum lan dipunserat wonten kapustakan.

Wedharan punika dipunserat kanthi saestu, manawi samangke wonten kasunyatanipun wedharan punika boten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula pribadhi.

Yogyakarta, 5 Juni 2014

Panyerat



Fandi Ahmad

SESANTI

“Man Jadda WaJadda”

“Sapa temen bakal tinemu”

“Where there is a will there is a way”

“Dimana ada kemauan, di situ ada jalan”

*“lamun sira banter aja nglancangi
lamun sira landhep aja natoni
lamun sira mandi aja mateni”*

*“always be yourself and never be anyone
else even if they look then you”*

*“Hidup seperti air mengalir, toh mau kemana ia mengalir, akhirnya juga akan
menemukan muaranya sebagai pemberhentian akhir.”*

PISUNGSUN

Kanthy raos syukur dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos, skripsi punika kula pisungsunaken dhumateng Bapak Istanto saha Ibu Isti Imronah tiyang sepuh kula ingkang sampun paring panjurung saha donga pangestu.

PRAWACANA

Puji syukur alhamdulillahirabbil'alamin panyerat ngaturaken raos syukur dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring kasarasan, rahmat, saha hidayahipun satemah panyerat saged ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan "Alih Kode saha Campur Kode wonten ing Tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation". Skripsi punika dipundamel kangge njangkepi sarat anggayuh gelar sarjana pendidikan.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi punika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng;

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd. minangka dekan Fakultas Bahasa dan Seni,
2. Bapak Dr. Suwardi Endraswara, M. Hum. minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring bimbingan saha pandom salebetipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah,
3. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka dosen pembimbing skripsi ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi punika,
4. Ibu Hesti Mulyani, M. Hum. minangka dosen pembimbing akademik ingkang sampun paring bimbingan, motivasi, saha panjurungipun sadangunipun kula sinau,
5. Dewan Penguji tugas akhir skripsi ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun,
6. Bapak saha Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring piwulang saha ngelmu ingkang mupangat sanget kangge kula,
7. Staff karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha Fakultas Bahasa dan Seni awit sedaya pambiyantunipun,

8. Tiyang sepuh kula, Bapak Istanto saha Ibu Isti Imronah awit saking donga pangestu saha wejangan-wejanganipun, saengga payerat saged mujudaken skripsi punika,
9. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010 mliginipun kelas B saha sedaya pihak ingkang sampun paring panyengkuyungipun.

Panyerat ngrumaosi bilih skripsi punika tasih tebih saking ingkang naminipun sampurna. Pramila saking sedaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju amrih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi punika tansah katampi kanthi bingah manah saha atur angunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi punika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 5 Juni 2014

Panyerat



Fandi Ahmad

DAFTAR ISI

	Kaca
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUN	vi
PRAWACANA	vii
DAFTAR ISI	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR LAMPIRAN	xii
DAFTAR CEKAKAN	xiv
SARINGING PANALITEN	xv
 BAB I PURWAKA	
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	5
C. Watesaning Perkawis	6
D. Wosing Perkawis	6
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Paedahing Panaliten	7
G. Pangertosan	8
 BAB II GEGARAN TEORI	
A. Deskripsi Teori.....	9
1. Sosiolinguistik.....	9
2. Kontak Basa.....	12
3. <i>Bilingualisme</i> saha <i>Multilingualisme</i>	14
4. Alih Kode saha Campur Kode	16
a. Alih Kode.....	17
1) Jinisipun Alih Kode	19
a) Alih Kode <i>Intern</i>	19
b) Alih Kode <i>Ekstern</i>	20
2) Faktor Ingkang Ndayani Alih Kode.....	21
b. Campur Kode	22
1) Jinisipun Campur Kode.....	24

a) Campur Kode <i>Ke Luar</i>	25
b) Campur Kode <i>Ke Dalam</i>	25
c) Campur Kode <i>Campuran</i>	26
2) Faktor Ingkang Ndayani Campur Kode	27
3) Wujud Campur Kode	27
c. Gayut Saha Bedanipun Alih Kode Campur Kode	28
5. Sekar utawi Tembang	29
a. Pangertosan Sekar utawi Tembang saha Musik	29
b. Jinisipun Sekar utawi Tembang.....	32
c. Tembang Hip-hop.....	33
d. Jogja Hip-hop Foundation	34
B. Panaliten Ingkang Jumbuh.....	35
C. Nalaring Pikir.....	36

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten	38
B. Data Panaliten	39
C. Cara Ngempalaken Data	40
D. Piranti Panaliten	41
E. Cara Nganalisis Data.....	44
F. Cara Ngesahaken Data	45

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten	46
1. Jinis-jinis saha Faktor Ingkang Ndayani Alih Kode wonten ing Tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation	46
2. Jinis-jinis saha Faktor Ingkang Ndayani Campur Kode wonten ing Tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation	50
B. Pirembagan	55
1. Jinis-jinis Alih Kode ingkang wonten salebetipun tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation	55
a. Alih Kode <i>Intern</i>	55
b. Alih Kode <i>Ekstern</i>	58
2. Faktor Ingkang Ndayani Alih Kode wonten tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-Hop Foundation	63
3. Jinis-jinis Campur Kode ingkang wonten salebetipun tembang Hip-hop	

Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.....	72
a. Campur Kode <i>Ke Dalam</i>	73
b. Campur Kode <i>Ke Luar</i>	78
c. Campur Kode <i>Campuran</i>	80
4. Faktor Ingkang Ndayani Campur Kode wonten tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-Hop Foundation	83
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan.....	93
B. Pamrayogi	94
C. Implikasi	95
KAPUSTAKAN.....	9
LAMPIRAN	
A. Tabel Analisis Alih Kode.....	100
B. Tabel Analisis Campur Kode.....	109
C. <i>Transkripsi</i> tembang Hip-hop Jawi anggitanipun JHF	119

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1. Tuladha Kertu Data.....	42
Tabel 2. Tuladha Analisis Alih Kode.....	43
Tabel 3. Tuladha Analisis Campur Kode.....	43
Tabel 4. Alih Kode wonten ing tembang Hip-hop Jawi Anggitanipun JHF	47
Tabel 5. campur Kode wonten ing tembang Hip-hop Jawi Anggitanipun JHF.....	51

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
A. Tabel Analisis Alih Kode.....	99
B. Tabel Analisis Campur Kode.....	108
C. Transkripsi tembang Hip-hop Jawi anggitanipun JHF	118

DAFTAR CEKAKAN

- a.k.a. : (*also known as*) langkung dipuntepang
AK : alih kode
BI : Basa Indonesia
BIng : Basa Inggris
BJ : Basa Jawi
C : *campuran*
CK : campur kode
D : *ke dalam*
E : *ekstern*
I : *intern*
JHF : Jogja Hip-hop Foundation
L : *ke luar*

**ALIH KODE SAHA CAMPUR KODE
WONTEN ING TEMBANG HIP-HOP JAWI
ANGGITANIPUN JOGJA HIP-HOP FOUNDATION**

Dening:
Fandi Ahmad
NIM. 10205241047

SARINING PANALITEN

Panaliten gadhah ancas ngandharaken jinis alih kode saha campur kode wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation. Panaliten punika ugi ngandharaken faktor ingkang ndayani alih kode saha campur kode wonten tembang kasebat.

Panaliten punika jinisipun kalebet panaliten *deskriptif*. Data arupi lisan dipunpendhet saking cakepan tembang hip-hop Jawi, 8 irah-irahan tembang. Data dipunkempalaken migunakaken *metode simak*, sarta migunakaken *teknik lanjutan* arupi *catat*. *Validitas* dipunpanggihaken saking validitas semantik ugi *pengamatan kanthi tekun*, saha *realibilitas* dipunpanggihaken saking *konsultasi* kaliyan ahli ingkang kompeten wonten bidangipun (*expert judgement*).

Asiling panaliten jinis alih kode inggih punika; (1) alih kode *intern* saha (2) alih kode *ekstern* ingkang awujud ewahipun basa, kanthi umum migunakaken basa Jawi, Indonesia, saha Inggris. Jinis campur kode ingkang dipunpanggihaken inggih punika; (1) *ke dalam* (tembung, *frasa*, *baster*, *kata ulang*, & *ungkapan*), (2) *ke luar* (tembung & *frasa*), saha (3) campuran (tembung-*baster* & *frasa-baster*), Dene asiling panaliten babagan faktor ingkang ndayani alih kode inggih punika; (1) ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & langkung gemyak, (2) langkung kepenak dipunmirengaken (gayutipun guru lagu) saha paring raos semangat, (3) gayutipun *reff/ hook* tembang, (4) gayutipun ukara wonten ngajengipun (*translate Inggris-Jawi*), (5) gayutipun *basa-basi* utawi *ungkapan*, saha (6) saweg sandiwara. Faktor ingkang ndayani campur kode inggih punika; (1) winatesipun tembung, (2) basa/ tembung gampil dipunemut-emut utawi langkung akrab saha gemyak, (3) kangee ningalaken kawruhipun panganggit, (4) gayutipun *variasi* basa cakepan tembang, (5) nepangaken basa/ budaya enggal, (6) ancas tartamtu (pisuhan), saha (7) saweg sandiwara.

Pamijining tembung: (1) Alih Kode, (2) Campur Kode, (3) Cakepan Tembang, (4) Jogja Hip-hop Foundation (JHF)

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa inggih punika piranti utawi *media* pirembagan antawisipun priyantun setunggal kaliyan sanesipun. Kanthi basa, pikiran priyantun saged katampi maksudipun dhateng sanesipun. *Era globalisasi* sapunika, kathah *fenomena* basa ingkang ngrembaka wonten ing salebetipun panganggening basa. Kathah masyarakat mliginipun Jawi wonten punika migunakaken basa boten namung setunggal jinis basa. Masyarakat Jawi sampun migunakaken basa ingkang kathah jinisipun amargi sampun nguwaosi kathah basa. Saking panganggening kathah basa punika ingkang dipunsebat *multilingual*. Masyarakat *multilingual* inggih punika salah satunggaling masyarakat ingkang migunakaken boten namung satunggal jinis basa (*monolingual*) utawi kalih jinis basa (*bilingual*), ananging migunakaken langkung saking kalih jinis basa kangge pirembagan utawi pacelathon wonten padintenanipun.

Panganggening kathah basa masyarakat *multilingual* punika ingkang ndayani wontenipun *kontak bahasa* ingkang andadosaken *dampak* woten *struktur ujaranipun*. *Struktur ujaran* ingkang migunakaken kathah ragam basa punika sampun boten wonten kalebet satunggal kode utawi migunakaken kathah kode. Kode inggih punika *istilah* ingkang dipunangge nyebat salah satunggaling *varian* wonten salebeting *hierarki* tata basa. Analisis kode salebeting masyarakat

bilingual utawi *multilingual* wonten kalih jinisipun, inggih punika alih kode saha campur kode.

Alih kode inggih punika ewahipun tata basa satunggal wonten sanesipun ingkang dipunangge amargi ewahipun kawontenan. Dados, alih kode punika ewahipun satunggal kode (saged awujud *klausa* utawi ukara) dados kode ingkang sanes amargi kadadegan tartamtu. Kangge tuladha wonten tiyang kalih sami pacelathon kanthi basa Jawi, lajeng wonten tiyang sanesipun saengga kode basa ingkang dipunangge dados basa Indonesia. Punika kadadosan amargi *pihak* setunggal saha kalih mangertosi bilih *pihak* katiga boten mangertosi basa ingkang dipunangge kalawau, prastawa ewahipun basa punika ingkang dipunsebat alih kode. Campur kode inggih punika campuripun tetembungan ingkang dipunangge ingkang arupi tembung utawi *frasa* wonten salebeting satunggal ukara utawi *klausa*. Kangge tuladha wonten ukara punika; “Balonku werna *pink*.” Saking ukara basa Jawi punika wonten tembung ‘*pink*’ (basa Inggris) ingkang wonten salebeting ukara. Prastawa punika ingkang dipunsebat campur kode. Dados bilih satunggal wonten satunggal ukara utawi *klausa* wonten tembung utawi *frasa campuran* punika ingkang dipunsebat campur kode.

Sedaya prastawa basa masyarakat ingkang *multilingual* punika gadhah dampak dumugi aspek sanesipun, kadosta basa, budaya, saha seninipun. Kalebet ugi seni, tembang ingkang *terefleksi* saking panganggening basa ingkang *multilingual*. Seni tembang punika katingal *terefleksi* saking cakepanipun tembang ingkang dipunginakaken. Kathah jinisipun tembang ingkang wonten ing masyarakat Jawi jaman sakmenika, kadosta; macapat, campursari, dangdut Jawi,

pop Jawi, hip-hop Jawi, lan sanes-sanesipun. Salah satunggaling jinis tembang ingkang wonten ing masyarakat Jawi sakpunika inggih punika hip-hop Jawi. Jinis utawi *aliran* tembang punika boten asli saking Jawi, ananging aslinipun saking masyarakat *Afro-Amerika* saha *Latin-Amerika*. Kanthi singkat, hip-hop punika aliran ingkang nembangaken sekar ingkang *tempo vocal* wonten nginggil *music instrumentalipun* sinambi ngulang *frasa tartamtu (hook)* kanthi makaping-kaping.

Tembang ingkang kathah wonten Jawi inggih punika anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation (ingkang dipunsigeg JHF). JHF punika salah satunggaling *grup musik* wonten Jawi ingkang aliranipun hip-hop Jawi amargi kathahipun cakepan tembang ingkang dipunanggit punika migunakaken basa Jawi. Tembang hip-hop Jawi punika langkung ngrembaka wonten tahun-tahun enggal punika amargi masyarakat kawula mudha mliginipun langkung remen tetembangan punika saha saged nampi ancasipun. Saking tetembangan ingkang dipunanggit kaliyan JHF punika, kathah ingkang dipunanggit jalaran saking kawontenan kutha Yogyakarta saha serat-serat saking para leluhur. Tembang migunakaken basa campuran utawi boten namung basa Jawi, inggih ugi basa Indonesia saha Basa Inggris. Kangge tuladha kados wonten tembang kanthi irah-irahan “*Song of Sabdatama*”, tembang punika migunakaken tigang basa inggih punika basa Jawi, basa Indonesia, saha basa Inggris kangge nggyiaraken wonten masyarakat wiyar bilih Ngayogyakarta Hadiningrat punika taksih *daerah istimewa* wonten nagari Indonesia ingkang inspirasinipun saking serat Sabdatama Sri Sultan Hamengkubhuwono X ingkang dipuncampur kaliyan basa sanesipun. Babagan punika ingkang andadosaken prastawa *multilingual* basa mliginipun alih kode

saha campur kode. Kangge tuladha wonten perangan cakepan tembang wonten ing ngandhap punika.

*Budaya adalah senjata
Mem manusia kan manusia
Bangun jiwanya, bangun raganya
Sentausa dalam puspa warna
In our land where we stand, Never afraid coz we all friends
We may vary but hand in hand, Appreciate and understand
Why democracy if occupied by oligarchy?
Nggo apa demokrasi nek mung ngapusi?
Why religion if only to kill humanity?
Nggo apa agama nek mung arep dha mateni?*

Saking perangan cakepan tembang nginggil punika katingal wonten tigang basa ingkang dipunangge inggih punika basa Jawi, basa Indonesia, saha basa Inggris. Saged dipunrembag bilih wonten ing *bait* setunggal “*budaya adalah senjata.....*” punika migunakaken basa Indonesia. Kalajengakeng wonten *bait* ingkang kalih “*In our land where we stand.....*” Punika migunakaken basa Inggris. Prastawa punika ingkang dipunsebat alih kode inngih punika prastawa ewahipun basa saking basa Indonesia dados basa Inggris.

Ingkang salajengipun wonten ing *bait* kaping kalih baris kaping sekawan kaserat “*Nggo opo demokrasi nek mung ngapusi?*” punika satunggal ukara migunakaken basa Jawi, ananging salebeting ukara wonten tembung ‘*demokrasi*’. Tembung punika dipunginakaken kangge negasaken tembang punika. Panganggit mlebetaken tembung saking basa Indonesia wonten ukara ingkang migunakaken basa Jawi. Punika kange nambah raos endahing tetebungan ingkang dipunpilih. Prastawa punika ingkang dipunsebat campur kode. Prastawa alih kode saha campur kode punika nggadhahi maneka warni factor ingkang ndayani, salah

satunggalipun inggih punika amargi babagan *situasional*. Panganggenging kathah basa punika kadadosan wonten *situasi formal* saha *nonformal*. Kados wonten tembang ingkang *nonformal* migunakaken kathah basa wonten cakepanipun. Punika inggih kalebet tembang *Song of Sabdatama* anggitinanipun Jogja Hip-hop Foundation.

Saking prastawa basa punika ingkang andadosaken panyerat gadhah raos remen saha ingkang dados dhasaring perkawis panyeratan panaliten punika. Panaliten punika ngandharaken prastawa basa mliginipun wonten masyarakat *bilingual* utawi *multilingual* ingkang migunakaken kathah basa wonten pirembagan padintenanipun, wonten punika cakepan tembang ingkang dipunginakaken kange objek panaliten.

B. Underaning Perkawis

Katitik saking dhasaring perkawis wonten nginggil, saged dipunpundut underaning perkawis kados mekaten.

1. Basa punapa kemawon ingkang dipunangge wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitinanipun Jogja Hip-hop Foundation.
2. *Terjemahan* tembang hip-hop Jawi anggitinanipun Jogja Hip-hop Foundation.
3. Kode punapa kemawon ingkang wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitinanipun Jogja Hip-hop Foundation.
4. Jinis alih kode saha campur kode ingkang wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitinanipun Jogja Hip-hop Foundation.
5. Kados pundi panganggenipun alih kode saha campur kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitinanipun Jogja Hip-hop Foundation.

6. Faktor ingkang ndayani alih kode saha campur kode ingkang wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.
7. Punapa ancasipun ragam basa ingkang dipunginakaken wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.
8. Fungsi basa wonten wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.
9. Frekuwensi agengipun kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.

C. Watesaning Perkawis

Wonten saben panaliten, watesaning perkawis awrat sanget supados panaliten boten medal tebih saking perkawis ingkang dipuntliti. Saking dhasar underaning perkawis ing nginggil, panaliten punika saged dipunwatesi kanthi perkawis wonten ing ngandhap punika.

1. Jinisipun alih kode saha campur kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.
2. Faktor ingkang ndayani alih kode saha campur kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.

D. Wosing Perkawis

Alih kode saha campur kode wonten panaliten punika minangka babagan ingkang wigati. Wonten ing panaliten punika, perkawis ingkang dados wosing inggih punika antawisipun kados wonten ngandhap punika.

1. Punapa kemawon jinisipun alih kode saha campur kode wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation?

2. Punapa faktor ingkang ndayani alih kode saha campur kode wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten punika minangka kangge tugas pungkasan kuliah *Pemantapan Kemampuan Profesional Guru program S1 Pendidikan Bahasa Daerah UNY*. Kajawi mekaten, kanthi mliginipun panaliten punika gadhah ancas kados wonten ngandhap punika.

1. Ngandharaken jinisipun alih kode saha campur kode wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.
2. Ngandharaken faktor ingkang ndayani alih kode saha campur kode wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten ingkang saged dipunpundhut saking panaliten saged dipunperang wonten ing ngandhap punika.

1. *Teori*: saged damel tambahan *referensi* panaliten ingkang wonten gayutipun kaliyan basa teori sosiolonguistik teori alih kode campu kode.
2. *Praktik*: mangertosi tata cara panganggenipun utawi ngrembag babagan panaliten basa.
 - a) Kangge panyerat: panaliten punika saged dipunginakaken kangge piranti ngrembakanipun ilmu saha nambah *wawasan*.
 - b) Kangge masyarakat *bahasawan*: panaliten punika saged paring *inspirasi* kangge nyengkuyung ngrembakaning panaliten basa.

- c) Kangge *Civitas Academica* Basa Jawi: saged paring pambiyantu *sumbangan* panggalih minangka upiya ngrembakaning panaliten ingkang gayutipun kaliyan basa.

G. Pangertosan

Supados *persepsi* wonten panaliten punika boten lepat, pramila dipunandharaken pangertosan-pangertosan istilah wonten ngandhap punika:

1. Alih kode: ewahipun satunggal kode (saged awujud basa utawi ragam basa sanesipun) dados basa ingkang sanes amargi kadadeyan tartamu.
2. Campur kode: prastawa campuripun kalih basa utawi langkung, utawi ragam basa wonten salah satunggal masyarakat penutur tanpa sengaja utawi kabiasaan, ingkang panganggenipun kawates saking perangan *ungkapan/idiom* kemawon ingkang boten saged madeg dados ukara piyambak.
3. Tembang: salah satunggaling seni ingkang awujud reriptan utawi dhapukan basa mawi paugeran tartamu ingkang anggenipun ngucap kedah dipunlagokaken ngangge kagunan swara.
4. Hip-hop: salah satunggaling aliran jinis musik ingkang *tempo* vokalipun langkung inggil tinimbang *tempo musical*.
5. Jogja Hip-hop Foundation: *grup* utawi *kelompok musik* ingkang aliranipun hip-hop saking kutha Yogyakarta ingkang anggitanipun kathah migunakaken basa Jawi.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teori

1. Sosiolinguistik

Priyantun ngagesang punika *makhluk sosial* ingkang *berinteraksi* kaliyan priyantun sanesipun. *Interaksi* punika kanthi basa ingkang saged damel priyantun ngagesang wonten ing dhaerahipun. Perkawis punika jumbuh kaliyan pamanggihipun Trager (salebetipun Sibarani, 1992:18) ngandharaken, “*bahasa adalah sistem simbol-simbol bunyi ujaran yang digunakan anggota masyarakat sebagai alat berinteraksi dengan keseluruhan pola budaya mereka*”, dados basa inggih punika minangka *sistem simbol-simbol unen-unen tuturan* ingkang dipunangge masyarakat minangka piranti *interaksi* kaliyan sedaya *pola budayanipun*. Chaer saha Agustina (2004:15) ngandharaken basa punika asifat *unik* saha *universal*. *Unik* tegesipun gadhah ciri utawi sifat ingkang *has* ingkang boten dipungadhahi basa sanesipun saha *universal* gadhah pangertosan ugi gadhah ciri ingkang sami kaliyan kaliyan basa sanesipun.

Linguistik inggih punika ilmu babagan basa utawi ilmu ingkang andadosaken basa kange objek kajianipun (Chaer, 2004:1). Linguistik dipunperang dados kalih jinis, inggih punika *intralinguistik* saha *ekstralinguistik*. *Intralinguistik* ngemot babagan morfologi, semantik, sintaksis, saha fonologi. Bilih *ekstralinguistik* ngemot babagan sosiolinguistik saha psikolinguistik.

Salah satunggalipun kajian *ekstralinguistik* inggih punika sosiolinguistik, tembung sosiolinguistik kadamel saking tembung *sosio* saha *linguistik*. Salebetipun kamus linguistik (Kridalaksana, 2008: 225), sosiolinguistik dupunandharaken bilih *cabang* linguistik ingkang ngrembag sesambutan ugi *saling pengaruh* antawisipun *perilaku* basa saha *perilaku sosial*. Chaer (2004:2) ngandharaken sosiologi inggih punika kajian ingkang *objektif* saha *ilmiah* babagan manungsa wonten salebeting masyarakat, *lembaga-lembaga*, saha proses *sosial* ingkang wonten salebeting masyarakat. Bilih linguistik inggih punika ilmu ingkang mundhut basa kange objek kajianipun. Kanthi mekaten, sosiolinguistik inggih punika ilmu ingkang nyinaoni basa ingkang wonten gayutipun kaliyan panganggengen basa punika wonten masyarakat. Miturut Fishman (1972:4)

“the study of the characteristics of language varieties, the characteristics of their functions, and the characteristics of their speakers as these three constantly interact, change, and change one another within a speech community”

Sosiolinguistik inggih punika kajian ciri khas *variasi* basa, *fungsi-fungsi variasi* basa, saha panganggengen basa amarga tigang unsur punika sami *interaksi*, ewah, saha sami ngewahi satunggal kaliyan sanesipun wonten salebeting masyarakat tutur. Ahli saking manca sanesipun inggih punika Wardhaugh (1992:13), ngandharaken bilih sosiolinguistik inggih punika ilmu ingkang kajianipun perkawis basa wonten sesambetanipun kaliyan *faktor-faktor sosial* ingkang gesang wonten masyarakat penuturnya. Harimurti Kridalaksana (2008: 156) inggih ngandharaken bilih sosiolinguistik inggih punika perangan linguistik ingkang nyinaoni sesambutan saha *pengaruh* antawisipun tumindak *sosial* saha basa ingkang dipunangge. Intinipun sosiolinguistik gumantung saking kalih

kasunyatan. Ingkang sepisan *variasi* basa wonten sesambetipun pilihan basa-basa saking pangangge basa. Ingkang kaping kalih basa dipunginakaken minangka piranti kangge paring informasi saha pikiran-pikiran saking tiyang dhumateng tiyang sanesipun. Nababan (1986:2) ugi ngandharaken bilih sosiolinguistik inggih punika studi utawi *pembasan* saking basa sesambetanipun kaliyan penutur basa punika minangka anggota masyarakat.

Saking andharan para ahli wonten nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih sosiolinguistik inggih punika studi basa ingkang dipunangge dening masyarakat kangge mangertosi gegambaring panganggening masyarakat pangangge basa kanthi aspek ingkang dados dhasaripun. Sosiolinguistik nyinaoni masyarakat gayutanipun kaliyan basa, masyarakat saged paring corak saha warna tartamtu dhumateng sistem panganggening basa. Sosiolinguistik boten nengenaken wonten basa utawi masyarakatipun kemawon, ananging ugi sesambetan *timbal-balik* antawisipun basa saha masyarakat. Salebetipun sosiolinguistik, wonten tigang jinis pirembagan ingkang wigati miturut Nababan (1986:3) inggih punika; 1) ngrembag basa wonten *konteks sosial* saha budaya, 2) nyambetaken *faktor-faktor* basan, ciri-ciri, saha ragam basa kaliyan situasi saha *faktor-faktor sosial* lan budaya, saha 3) ngrembag fungsi-fungsi *sosial* saha panganggening basa salebeting masyarakat. Basa antawisipun masyarakat satunggal kaliyan sanesipun temtu wonten bedanipun ingkang samangke andadosaken kontak basa antawisipun masyarakat kangge *komunikasi*.

2. Kontak Basa

Kontak basa inggih punika sami *pengaruh* antawisipun *pelbagai* basa amargi para panganggening basa asring tepang (Kridalaksana, 134: 2008). Kontak basa miturut Mackey (wonten Soewito, 1982: 39) inggih punika *pengaruh* basa sanes kanthi langsung utawi boten langsung, saengga nyebabaken ewahipun basa ingkang dipungadhahi kaliyan *ekabasawan*. Miturut pamanghipun Suwito (1983:39) pangertosan kontak basa inggih punika prastawa *persentuhan* antawisipun basa ingkang akibatipun wontenipun ganten panganggenipun dening penutur salebetipun *konteks sosialipun*. Prastawa kados mekaten inggih punika katingal saking wujud kedewibasan saha diglosia. Pamanggihipun Soewito punika meh sami kaliyan pamanggihipun Kushartanti (2005:58) ingkang nyebataken bilih wontenipun kontak basa dipundayani wontenipun dwibasan utawi maneka warni basa. Saged dipuntingali dudutanipun bilih kontak basa inggih punika *persentuhan* antawisipun basa ingkang kadadosan dening *sosialisasi individu* ingkang *komunikasi*.

Basa setunggal kaliyan sanesipun sami *interaksi* amargi wontenipun *persentuhan* basa. Basa saged gesang amargi wontenipun *interaksi sosial*. Kanthi wonten *interaksi* punika, saengga basa dipuntuturaken kaliyan penuturipun. Masyarakat tutur ingkang kabikak, tegesipun anggota masyarakat tartamtu saged nerima anggota sanesipun punika satunggal utawi langkung saking satunggal masyarakat utawi langkung saged nerima anggota masyarakat sanesipun ingkang samangke ingkang dipunsebat kontak basa (Chaer; 1994:65). Bilih masyarakat

katutup inggih punika boten kacampur masyarakat ingkang sanesipun ingkang andadosaken masyarakat tutur ingkang statusipun *monolingual*.

Thomason (2001: 1) ngandharaken bilih kontak basa inggih punika prastawa panganggening langkung saking setunggal basa wonten papan saha wekdal ingkang sesarengan. Panganggening basa punika boten nuntut penutur micara kanthi lancar minanga dwibasawan utawi multibasawan, ananging kadadosan *komunikasi* antawisipun penutur kalih basa ingkang benten ugi saged dipunkategorikaken kangege prastawa kontak basa. Dados kontak basa inggih punika pitepangan antawisipun basa setunggal kaliyan sanesipun wonten papan saha wekdal ingkang sesarengan ingkang saged paring pengaruh kaliyan panganggening basa. Salebetipun kontak basa, wonten 5 faktor ingkang ndayani prastawa kontak basa miturut Thomason (2001: 19), inggih punika;

- a) wontenipun kalih kelompok ingkang pindhah wonten ing dhaerah ingkang boten wonten ingkang manggeni lajeng kepanggih wonten ngriku;
- b) pindhahing kelompok wonten kelompok sanesipun;
- c) wontenipun tumindak *pertukaran buruh* kanthi peksa;
- d) wontenipun sesambutan budhaya ingkang caket antawisipun sesami tangga dangu; saha
- e) wontenipun *pendidikan* utawi asring dipunsebat “*kontak belajar*”.

Saking prastawa kontak basa punika, temtunipun gadhah dampak ingkang wonten salebeting panganggenipun basa. Chaer saha Agustina (2010: 84) gadhah pamanggih bilih prastawa-prastawa basa ingkang wonten amargi saking

wontenipun kontak basa inggih punika prastawa *bilingualisme*, alih kode, campur kode, diglosia, intreverensi, integrasi, konvergensi, saha geseripun basa.

3. *Bilingualisme* saha *Multilingualisme*

Tembung *bilingualisme* (Inggris: *bilingualism*), menawi (Jawi: dwibasan). Kanthi harafiah *bilingualisme* inggih punika sesambetanipun kaliyan panganggening kalih basa utawi kalih kode basa. kangge migunakaken kalih basa, temtunipun tiyang kedah nguwaosi basa kalihipun. Ingkang kaping pisan basa ibunipun piyambak utawi basa asal saha kaping kalih basa sanesipun ingkang dados basa kaping kalih.

Istilah *bilingualisme* punika gadhah teges ingkang *relative amargi bates* tiyang ingkang dipunsebat *multilingual* punika *arbitrer* ngantos boten saged dipuntemtokaken kanthi pasti. Wiwitanipun *bilingualisme* dipuntegesaken segedtipun tiyang migunakaken kalih basa sami saenipun, ananging pangertosan punika sampun boten popular amargi kriteria kangge nemtokaken kados pundi penutur saged migunakaken basa sami saenipun boten wonten dhasaripun saengga ewet sanget dipunkur langkung-langkung boten saged dipunlakokaken. (Soewito, 1983:40).

Istilah bilingualisme wonten basa Indonesia ugi dipunsebat kedwibasan (Chaer, 2004:84). Saking punika saged dipunpahami bilih bilingualisme wonten gayutipun kaliyan panganggening kalih basa dening tiyang penutur wonten kagiyatanipun saben dintenipun.

Bloomfield (wonten Rusyana, 1988:1) ngandharaken bilih bilingualisme inggih punika penguwaosan ingkang sami saenipun kalih basa kados dene

penguwaosan kaliyan penutur aslinipun. Lajeng Weinreich ugi ngandharaken kedwibasan inggih punika praktek panganggening kalih basa kanthi gantosan. Pangertosan punika ugi saged damel tigang basa utawi langkung, ingkang dipunsebat *multilingualisme*. Menawi mekaten, Mackey saha Fishman (Chaer, 2004:87) ngandharaken kanthi tegas bilih *bilingualisme* inggih punika praktek panganggening basa kanthi gantosan, saking basa satunggal wonten basa sanesipun dening priyantun penutur. Miturut Mackey saha Fishman, wonten ngrembang kedwibasan ngrangkul kathah pangertosan, kadosta masalah tingkat tingkat, fungsi, alih kode, campur kode, *interferensi*, saha *integrasi*. Dene miturut Nababan (1986: 27) bilih *bilingualisme* inggih punika kabiasan migunakaken kalih basa wonten *interaksi* kaliyan tiyang sanesipun. Tiyang migunakaken kalih basa wonten komunikasinipun kaliyan tiyang sanesipun, tiyang punika *berdwibasa* wonten tegesipun piyambakipun sampun nglasanakaken ingkang dipunsebat *bilingualisme*.

Multilingualisme wonten basa Jawi dipunsebat kaliyan maneka warni basa inggih punika panganggening langkung saking kalih basa dening tiyang penutur wonten komunikasinipun kaliyan tiyang sanes kanthi gantosan. *Multilingualisme* punika gegambaranipun tiyang penutur ingkang nguwaosi langkung saking kalih basa, saged tigang basa utawi langkung. Panganggenipun sami kaliyan *bilingualisme* inggih punika mangertos kapan saha wonten pundi basa dipunginakaken. Ugi saged dipunlebetaken praktek migunakaken maneka dialek saking basa ingkang sami. *Multilingualisme* punika saged kadadeyan

wonten masyarakat ingkang kadamel saking maneka etnik, kados wonten Indonesia.

Saking andharan para ahli kalawau wonten nginggil, saged dipunpundhut dudutanipun bilih konsep *bilingualisme* umumipun inggih dipunanggenipun kalih basa kanthi gantosan dening tiyang penutur wonten komukasinipun kaliyan sanesipun. *Bilingualisme* kadadosan bilih penutur sampun nguwaosi basa ibunipun ugi saged *komunikasi* kaliyan tiyang sanes migunakaken basa sanesipun. *Bilingualisme* punika namung migunakaken kalih basa, bilih *multilingualisme* punika migunakaken langkung saking kalih basa wonten komukasinipun kaliyan tiyang sanes.

4. Alih Kode saha Campur Kode

Saben masyarakat temtu gadhah setunggal kode. Kode inggih punika *varian* wonten salebeting *hierarki* tata basa. Miturut Kridalaksana (2008:102) kode inggih punika; (1) lambang sistem *ungkapan* ingkang dipunangge kange nggambaraken teges tartamu, (2) sistem basa wonten setunggal masyarakat, saha (3) varian tartamu wonten satunggal masyarakat. Masyarakat ingkang *multilingualisme* utawi multibasa wonten amargi masyarakat tutur punika gadhah utawi nguwaosi langkung saking setunggal *variasi* basa ingkang benten saengga saged migunakaken piliyan basa punika kangege *komunikasi*. Saged dipunmangertosi, wonten kathah nagara saking dhaerah desa dumugi kutha katha tiyang mugunakaken basa-basa ingkang benten ingkang inggih punika migunakaken langkung saking satunggal basa kangege *komunikasi*. Nababan (1986:27) ngandharaken bilih dhaerah utawi masyarakat wonten kalih basa

dipunsebat dhaerah utawi masyarakat ingkang dwibasa utawi bilingual. Lajeng Mackey wonten Chaer (2004:84) ngandharaken panganggening kalih basa dening satunggal tiyang masyarakat turut wonten pacelathonipun kaliyan tiyang sanesipun kanthi ganten dipunsebat *bilingualisme*. Kawontenan kados punika, masyarakat turut dados masyarakat ingkang *bilingual*. Kawontenan dwibasan (*bilingualisme*) punika asring dipunpanggihi wonten masyarakat, saengga saged dipuntingali kangge *kekacauan* basa utawi *interfensi* basa. Kadadosan punika bentukipun panganggening unsur-unsur saking basa tartamtu wonten satunggaling ukara utawi wacana basa sanesipun. Kadadosan punika ingkang dipunsebat alih kode saha campur kode (Ohoiwutun, 2007:69). Sakderengipun kedah dipunjelasaken kode inggih punika istilah netral ingkang saged ngacu dhateng basa, dialek, sosiolek, utawi ragam basa.

a. Alih Kode

Alih kode inggih punika prastawa alihipun saking kode wonten kode sanesipun. Tuladhanipun panganggening basa Jawa ingkang ewah utawi ngalih wonten basa Indonesia wonten setunggal kawontenan pacelathon (Soewito, 1983: 20). Bilih miturut Ohoiwutun (2007:71) alih kode (*code switching*) inggih punika ewahing panganggening basa saking satunggaling basa utawi dialek dhateng basa utawi dialek sanesipun. Alih basa punika kadadosan amargi ewah-ewahipun sosiokultural wonten kawontenan panganggening basa. Ewahipun ingkang dipunmaksud gadhah faktor-faktor kados sesambutan antawisipun pamicara saha pamireng, *variasi* basa, ancasing micara, topik wicantenan, wekdal saha papan. Langkung linuwih dipuntandhesaken kaliyan pamanggihipun Apple wonten Chaer

(2004:107) ngandharaken alih kode inggih punika kadadosan ewahipun panganggening basa amargi ewahipun kawontenan. Kangge tuladha prastawa ewahipun ingkang wonten salebeting kelas ingkang saweg sami sinau basa manca (kangge tuladha basa Ingris). Wonten kelas punika otomatis migunakaken kalih basa inggih punika basa Indonesia saha basa Inggris. Lajeng wonten pacelathon satunggaling basa nasional kalajengaken malih wonten basa Jawi, saengga kalih ewahipun basa punika inggih dipunsebat alih kode.

Alih kode kadadosan bilih kawontenan nuntut tiyang ingkang migunakaken basa nggantos basa utawi ragam basa ingkang saweg dipunangge. Gambaranipun, nalika wonten tiyang Jawi kalih sami pacelathon migunakaken basa Jawi, lajeng wonten tiyang sanes ingkang rawuh wonten pacelathon ananging boten mangertos basa Jawi sagedipun basa Indonesia. Lajeng tiyang kalih ingkang migunakaken basa Jawi kalawau pindhah migunakaken basa Indonesia ingkang saged dipunmangertosi sedaya tiyang kalawau ingkang ndherek pacelathon. Gegambaran kados punika ingkang dipunsebat alih kode (Nababan, 1986:31). Konsep alih kode punika ngrangkul ugi kadadosan ngewahi saking satunggal ragam fungsiolek (tuladhanipun ragam santai) wonten ragam sanesipun (umpaminipun ragam formal), utawi saking setunggal dialek wonten dialek sanesipun. Alih kode titikanipun kanthi *ciri-ciri unit kontekstual*, inggih punika saben basa nyengkuyung *fungsi* piyambakipun miturut konteksipun saha *fungsi* basa dipunjumbuhaken kaliyan *fungsi* ingkang *relevan* kaliyan ewahipun *konteks* (Soewito, 1983: 80).

Kanthy andharan para ilmuwan wonten nginggil saged dipunpundhut dhudhutan bilih alih kode inggih punika prastawa gantenipun utawi ewahipun basa ingkang kadadosan wonten panganggengen basa, kawontenan, saha ragamipun basa.

1) Jinisipun Alih Kode

Alih kode minangka perangan saking kajian sosiolinguistik ingkang ngrembag kode basa ingkang dipunginakaken dening masyarakat turu saha sesambetanipun kaliyan lingkungan masyarakat turu kasebat. Alih kode dipunginakaken gumantung kaliyan kawontenan lingkunganipun. Maksudipun ewahipun kode basa kadadosan gumantung kaliyan sinten wawan pawicantenan, wonten pundi, kapan, kanthy ancas punana, saha sanesipun. Poedjasoedarmo (wonten R Kunjana, 2001: 21) kanthy dhasar langsungipun prastawa kasebat wonten tuturan merang alih kode dados kalih inggih punika; (1) alih kode sawentara saha (2) alih kode permanen.

Alih kode sawetara inggih punika ewahipun kode basa ingkang dipunangge penutur ingkang sawetara kemawon. Bilih alih kode ingkang asifat permanen inggih punika ewahipun basa ingkang kadadosan kanthy permanen. Kajawi alih kode metaforis saha situasional, Suwito wonten Chaer (2004:114) ugi merang alih kode dados kalih jinis, inggih punika alih kode *intern* dan alih kode *ekstern*.

a) Alih kode *Intern*

Alih kode *Intern* inggih punika alih kode ingkang kadadosan antawisipun basa piyambak, kadosta saking basa Indonesia wonten basa Jawa saha

sawalikipun. Kangge tuladha wonten priyantun sami pacelathon migunakaken telepon kados wonten ngandhap punika.

Sari : “Selamat siang, Pak.”

‘Sugeng siang, Pak.’

Hardi : “Sugeng enjang, niki sinten nggih?”

Saking pacelathon wonten nginggil katingal bilih Sari migunakaken basa Indonesia lajeng Hardi mangsuli ngangge basa Jawi. Punika ingkang dipunsebat alih kode *intern* amargi basa Jawi saha Indonesia punika saged dipunwastani basanipun piyambak.

b) Alih kode *Ekstern*

Bilih alih kode *ekstern* inggih punika alih kode ingkang kadadosan antawisipun basa (salah satunggaling basa utawi ragam ingkang wonten *verbal repertoire* masyarakat tuturipun) kaliyan basa asing uatwi manca. Tuladhanipun basa Indonesia wonten basa Inggris saha sawalikipun. Ingkang langkung jelas kados tuladha wonten pacelathon antawisipun kalih tiyang ingkang benten nagarinipun (Jepang saha Indonesia), ananging sampun sami mangertosi basanipun ingkang dipunangge ngandhap punika.

Karimoto : “Ohaiyo gozaimasu.”

‘Matur nuwun sanget.’

Andi : “Iya, sama-sama.”

‘Inggih, sami-sami.’

Saking tuladha wonten nginggil katingal bilih Karimoto migunakaken basa Jepang saha Andi migunakaken basa Indonesia. Kekalihipun sami mangertosi punapa maksudipun ingkang dipunmicarakaken saengga boten wonten *miss communication* antawisipun Karimoto saha Andi. Gegambaran prastawa punika ingkang dipunsebat alih kode *ekstern*.

2) Faktor Ingkang Ndayani Alih Kode

Kathah babagan ingkang dados faktor ingkang ndayani alih kode amargi kajian sosiolinguistik punika ngemot babagan sinten ingkang micara, kaliyan sinten, ngangge basa punapa, kapan, ugi kanthi ancas punapa. Miturut Fishman (wonten Chaer saha Agustina, 2004:15) ngandharaken kanthi umum faktor ingkang ndayani alih kode inggih punika kados wonten ngandhap punika.

- a) Pamicara utawi penutur, priyantun pamicara asring nglakokaken alih kode kangge ngangsalaken ancas ingkang dipunajengaken (*keuntungan*).
- b) Pamireng/ lawan tutur/ mitra tutur, biasanipun penutur gadhah raos ngimbangi mitra tutur.
- c) Wontenipun tiyang kaping tiga, kangge tuladha wonten tiyang kalih pirembagan migunakaken basa Jawi, lajeng wonten tiyang kaping tiga lajeng migunakaken basa Indonesia.
- d) Ewahipun situasi/ kahahan, kangge tuladha kawontenan formal dados informal.
- e) Ewahipun topik pacelathon/ pirembagan, kangge tuladha saking topik pendhidhikan dipungantos dados bisnis.

Kalajengaken Poedjasoedarmo (2001:23) ugi paring pamanggih bilih faktor ingkang ndayani alih kode amargi pawadan wonten ngandhap punika.

- a) *Mensitir* ukara sanes.
- b) Micara boten langsung,
- c) Ewahipun status.
- d) Boten nguwaosi kode tartamtu.
- e) Gayutipun ukara wonten ngajengipun.
- f) Gayutipun kawontenan micara.
- g) Kendhonipun *penguasaan diri*.
- h) Gayutipun materi pirembagan.
- i) Gayutipun duginipun *tiyang kaping tiga*.
- j) Raos pengen adaptasi/*menyesuaikan diri*.
- k) Kangge ancas mucal lawan micara.
- l) Wonten kagiyatan sinau.
- m) Saweg sandiwara.
- n) Gayutipun *basa-basi* saha *ungkapan*.
- o) Gayutipun ancas-ancas tartamtu.

Ewahipun kode kajawi saking faktor ingkang ndayani ingkang dipunrembag wonten nginggil, saged ugi dipundayani kaliyan panjurungipun batin penutur, kados dene raos kuciwa, boten *puas*, saha pamanggihipun babagan ingkang *sensitif*.

b. Campur Kode

Kadadosan alih kode biasanipun dipundhereki kaliyan kadadosan campur kode. Thelander wonten Chaer (2004:115) ngandharaken bilih wonten satunggal prastawa tutur wonten *klausa-klausa* utawi *frase-frase* ingkang dipunginakaken kadadosan saking *klausa* saha *frase* campuran (*hybrid clauses, hybrid phrases*), lajeng saking *klausa* saha *frase* boten nyengkuyung malih fungsipun piyambak-piyambak, saengga prastawa kadadeyan punika ingkanng dipunsebat campur kode. Punika nyengkuyung kaliyan pamanggihipun Chaer saha Agustina (2004:114) ingkang ngandharaken bilih campur kode inggih punika

panganggeling kalih basa utawi langkung, utawi kalih *varian* saking setunggal basa ingkang wonten lebetipun satunggal masyarakat tutur. Prastawa campur kode saged kadadosan wonten *komunikasi* masyarakat ingkang panganggenipun namung saking perangan *klausa* kemawon. Lajeng Nababan (1986:32) ngendika bilih penutur saged dipusebat nglaksanakaken campur kode menawi piyambakipun nyampur basa utawi ragam basa wonten setunggal tindak basa kanthi boten wonten kawontenan ingkang nuntut nyampuraken basa. Campur kode inggih punika satunggaling kawontenan migunakaken basa sanesipun inggih punika bilih tiyang nyampuraken kalih tembung utawi langkung basa utawi ragam basa wonten satunggaling tindak basa tanpa wonten situasi basa ingkang nuntut campuring basa punika. Maksudipun inggih punika kawontenan ingkang boten meksa utawi nunun tiyang kangge nyampur basa satunggal basa wonten basa sanesipun sanalika prastawa tutur saweg kadadosan. Dados pamicara kanthi boten sadar nyampur sempilan-sempilan basa wonten basa asli.

Miturut Soewito (1983:75) campur kode inggih punika aspek saling gumantungipun basa, ingkang dipuntandha kanthi wontenipun sesambutan *timbal balik* antawisipun *peranan saha fungsi basa*. Peranan maksudipun sinten ingkang migunakaken basa punika, bilih fungsi basa tegesipun punapa ingkang dipunmaksud kanthi tuturanipun. Ugi saking pamanggihipun Fasold (salebetipun Chaer saha Agustina, 2004: 115) ngandharaken bilih priyantun ngginakaken setunggal tembung utawi *frase* basa tartamtu salebetipun ukara basa sanes, piyambakipun sampun nglakokaken campur kode, ananging bilih satunggal

klausa, jelas punika gadhah struktur gramatikal satunggal basa saengga punika dipunsebat alih kode.

Saking pamanggih para ahli basa wonten nginggil saged dipunpundhut intinipun bilih campur kode inggih punika prastawa campuripun kalih basa utawi langkung, utawi ragam basa wonten salah satunggal masyarakat penutur tanpa sengaja utawi kabiasan, ingkang panganggenipun kawates saking perangan *ungkapan/ idiom* kemawon utawi boten saged madeg dados ukara piyambak. Campur kode radi sami kaliyan interfensi saking basa satunggal wonten basa sanesipun. Wonten campur kode pamicara nyelipaken unsur-unsur basa sanes sanalika nembe ngangge basa tartamtu. Unsur-unsur kasebat saged arupa tetembungan, frase, utawi kelompok tembung. Manawi awujud tetembungan punika biasanipun awujud silihan basa. Prastawa punika ingkang salajengipun dipunsebat campur kode. Kanthi menika, wonten basa tulisan biasanipun unsur-unsur kasebat dipunserat kanthi migunakaken garis ngandhap utawi cithakan miring kangge katrangan bilih panyerat migunakaken kanthi sadhar.

Campur kode ugi wonten ciri-cirinipun, miturut Nababan (1986:32) ciri ingkang langkung awrat wonten prastawa campur kode inggih punika kawontenan santai utawi informal. Dados, campur kode umumipun kadadosan nalika micara santai utawi langkung sekedhik nalika wonten kawontenan formal.

1) Jinisipun Campur Kode

Soewito (1983: 76) ngandharaken campur kode dipunperang dados kalih, inggih punika *campur kode ke luar (outer code-mixing) saha campur kode ke dalam (inner code-mixing)*.

a) Campur kode ke luar (*outer code-mixing*)

Inggih punika campur kode ingkang asalipun saking basa asing utawi manca yang berasal dari basa asing utawi saged dipunjelakaken basa asli ingkang kacampur kaliyan basa asing/ manca. Dipunsebat *ekstern* bilih antawisipun basa sumber kaliyan basa sasaran boten gadhah sesambutan krabat saha *geografis*, *geanologis* utawi *intelektualitas* ingkang inggil. Kanthi mekaten sesambutan campur kode *tipe* punika *keasingan* antawisipun basa ingkang dipunangge. Tuladhanipun basa Indonesia–basa Inggris, Jawa–Inggris, saha sanesipun. Kangge tuladha wonten ukara ngandhap punika.

“Balonku werna abang, ireng, karo *pink*.”

Saking ukara wonten nginggil katingal bilih ukara punika wonten prastawa campur kode. Tembung “*pink*” punika minangka basa Inggris. Basa Inggris boten gadhah sesambutan *kekerabatan* kaliyan basa Jawi, antawisipun kalih basa ugi boten wonten sesambutan genetis, saengga wonten tembung punika tippenipun campur kode *ke luar*.

b) Campur kode ke dalam (*inner code-mixing*)

Inggih punika campur kode ingkang sumberipun saking basa asli kanthi variasinipun. Dipunsebat *intern* bilih antawisipun basa sumber kaliyan basa sasaran tasih gadhah sesambutan krabat kanthi geografis saha geanologis. Basa satunggal kaliyan sanesipun minangka bageyan-bageyan saengga sesambutan antawisipun basa punika asifat *vertical*. Basa ingkang ingkang kalebet wonten campur kode *intern* umumipun tasih wonten satunggal wilayah *politis* ingkang

sami. Tuladhanipun basa Indonesia – basa Jawa, basa Jawa – basa Banyumasan (dialek) saha sanesipun, kangge tuladha wonten ukara ngandhap punika.

“*Pisang kuwi coba gawa rene!*”

Saking ukara wonten nginggil katingal bilih tembung *pisang* punika basa Indonesia. Basa Indonesia gadhah sesambutan kekerabatan kaliyan basa Jawi, antawisipun kalih basa ugi wonten sesambutan genetis, saengga wonten tembung punika tipenipun campur kode *ke dalam*.

c) Campur kode campuran

Jinisipun campur kode kajawi miturut pamanggihipun Soewito wonten nginggil, ugi tasih setunggal jinis malih miturut pamanggihipun Jendra (1991: 132) inggih punika campur kode campuran. Campur kode campuran inggih punika unsur serapan ingkang dipuntampi kaliyan basa *penyerap* kanthi kalih *pembagian* kadosta *ke luar* saha *ke dalam* sedanten dipunlaksanakaken. Kadosta wonten salebetipun basa Jawi ugi migunakaken tembung utawi frase saking basa Indonesia saha Inggris. Kangge tuladha kados wonten ukara ngandhap punika.

“Siswa kedahipun gadhah rasa *semangat* saha *planning* ingkang sae.”

Saking tuladha wonten nginggil katingal bilih salebetipun ukara basa Jawi wonten tembung saking basa Indonesia (*semangat*) saha basa Inggris (*planning*). Punika katingal bilih wontenipun prastawa campur kode *ke dalam* saha campur kode *ke luar*, saengga punika ingkang dipunsebat campur kode campuran, amargi sampun ngemot kalih jinis campur kode wonten satunggal basa utawi satunggal ukara.

2) Faktor Ingkang Ndayani Campur Kode

Miturut Soewito (1983:77) faktor ingkang ndayani campur kode saged dipunkategorikaken dados kalih inggih punika;

- a) *tipe* ingkang berlatar belakang sikap penutur (*attitudinal type*) inggih punika kangge ngalusaken *ungkapan*, kangge ningalaken kawruhipun, ngrembakakaken saha kenalan kaliyan budaya enggal,
- b) *tipe* ingkang berlatar belakang wonten basa inggih punika langkung gampil dipuneling, boten ngawontenaken kehonomian, winatesipun tembung, sahas *akibat* utawi asil ingkang dipunpengeni.

Bilih miturut Nababan (1984:32), campur kode wonten amargi gayutipun kados wonten ngandhap punika:

- a) pamicara badhe ningalaken kawruhipun,
- b) santainipun, saha
- c) boten wontenipun tembung kangge *ungkapan* wonten basa asli, saengga kedah migunakaken basa asing.

3) Wujud Campur Kode

Katitik saking *unsur-unsur* basanipun ingkang *terlibat* wonten lebetipun, Chaer (1983: 78) merang wujud campur kode dados 5 wujud penyisipan unsur-unsur basa, inggih punika; tembung, *frasa*, *baster*, *perulangan kata*, saha *ungkapan* utawi *idiom*. Kanthi dasar ingkang sami inggih punika *unsur-unsur* basa ingkang wonten salebetipun basa, Soewito (1983: 78) ugi ngandharaken pamanggihipun perkawis wujud campur kode inggih punika;

- a) *penyisipan unsur-unsur yang berujud kata*,

- b) penyisipan unsur-unsur yang berujud frasa,
- c) penyisipan unsur-unsur yang berujud bentuk baster,
- d) penyisipan unsur-unsur yang berujud perulangan kata,
- e) penyisipan unsur-unsur yang berujud ungkapan atau idiom, saha
- f) penyisipan unsur-unsur yang berujud klausa.

Alih kode saha campur kode dipunlakokaken dening penutur bilingual saha multilingual kanthi ancas utama supados *makna* wonten pawicantenan saged dipuntampi kanthi *efektif*. Hymes ngandharaken komponen tutur ingkang salajengipun nyingkat dados satunggal tembung wonten basa Inggris inggih punika *SPEAKING* (Nababan, 1984:7).

S = Situasi (act situation), mencakup latar dan suasana

P = Partisipan, mencakup penutur, pengirim, pendengar, dan penerima.

E = End (tujuan), mencakup bentuk pesan dan isi pesan.

A = Act Sequence (urutan tindak), mencakup bentuk pesan dan isi pesan

K = Key (kunci)

I = Instrumentalities (peranti, perabotan), mencakup saluran dan bentuk tutur.

N = Norms (norma), mencakup norma interaksi dan norma interpretasi

G = Gender

c. Gayut saha Bednipun Alih Kode Campur Kode

Antawisipun kode ugi wonten sami saha bednipun. Saminipun antawisipun alih kode saha campur kode inggih punika prastawa kalih punika lazim kadadosan wonten masyarakat multilingual ingkang migunakaken kalih basa utawi langkung. Menawi bednipun kalih prastawa punika Sumarlan (2005:159-160) mbedakaken antawisipun kalih prastawa punika kanthi mekaten.

- 1) Wonten alih kode, kalih (utawi langkung) basa utawi *variasi* basa ingkang dipunangge kange nyengkuyung *fungsi-fungsi* piyambak jumbuh kaliyan konteks, bilih campur kode unsur utawi *variasi* basa ingkang kasisipaken

wonten basa sanesipun boten gadhah fungsi piyambak, ananging gabung kaliyan basa ingkang nyisipi.

- 2) Wonten alih kode, panganggenging kalih basa utawi *variasi* basa dipunjumbuhaken kaliyan punapa ingkang relevan kaliyan ewahipun *konteks*, bilih wonten campu kode kalih basa utawi *variasi* dipunginakaken tanpa faktor-faktor sosiolinguistik wonten kawontenan panganggenging basa ingkang nuntut campuring basa punika.
- 3) Wates kadadosan campur kode wonten tataran *klausa*, bilih alih kode saking tataran ukara. Dados, campur kode saged awujud tetembungan, *frase*, *idiom*, *saha klausa*.

5. Sekar utawi Tembang

a. Pangertosan Sekar utawi Tembang saha Musik

Tembang utawi sekar inggih punika iketan karangan awewaton guru lagu sarta guru wilangan apa dene kanthi lelagon (Poerwadarminta: 600). Miturut Padmosoekotjo (1958: 25-26) tembang inggih punika reriptan utawi dhapukanipun basa mawi paugeran tartamtu (gumatok) ingkang pamaosipun (anggenipun ngucapaken) kedah dipunlagokaken kangege kagungan swanten. Cakepan inggih punika unen-unenipun tambang utawi tetembungan ingkang kangege wonten tembang. Kajawi pamanggihipun Padmosoekotjo babagan cakepan wonten nginggil, ahli tembang saking manca Prof. Ewer ugi ngandharaken bilih cakepan inggih punika tetembungan salebetipun tembang umumipun, biasanipun kadadosan saking verse saha chorus, saha ngandhut ancas kanthi *tersurat (eksplicit)* utawi *tersirat (implisit)*.

Tembang/ lagu inggih punika *gubahan seni nada* utawi suawanten wonten urutan, kombinasi, saha sesambutan temporal (biasanipun ngangge piranti musik) kangge ngasilaken *gubahan* musik ingkang nggadhahi irama. Ragam nada utawi suawanten ingkang wonten iramanipun ugi dipunsebat *lagu*. (<http://id.wikipedia.org/wiki/Lagu>). Tembang punika *indentik* kaliyan tembung musik. Purnomo (2010: 3) ngandharaken musik saged dipuntegesaken kangge *ungkapan* raos ingkang dipungiyaraken kanthi wujud suawanten. Perangan tembang modern kanthi umum inggih punika wontenipun intro, bait/ verse, chorus, bridge, interlude, saha ending. Salebetipun cakepan tembang ugi wonten ingkang dipunsebat reff/ hook, inggih punika perangan cakepan tembang ingkang dipunambal-abali salebetipun cakepan amargi tetembungan ukara punika minangka intinipun wos saha ancas tembang.

Sekar saged dipuntembangaken kanthi *solo, berdua (duet), bertiga (trio)* atau *dalam beramai-ramai (koir)*. Tetembungan wonten salebeting tembang biasanipun awujud geguritan kanthi irama, ananging ugi wonten ingkang asifat religi utawi prosa bebas. Sekar saged dipunkategorikakaen wonten kathah jinis, gumantung ukuran ingkang dipunginakaken.

Saking pangertosan wonten nginggil saged dipunpundhut dhudhutnipun bilih tembang inggih punika kasil budaya saking gubahan bidhang seni nada wirama utawi suawanten ingkang gadhah aturan-aturan tinamtu, kados dene; urutan, kombinasi saha sesambutan temporal (saged ngangge iringan piranti musik) ingkang ngasilaken gubahan musik ingkang manunggal saha kagungan wirama.

Tembang punika minangka seni *karya sastra* anggitanipun para *seniman*.

Salebetipun *karya sastra* punika temtu wonten kaidah utawi syarat ingkang andadosaken anggitan punika *layak* dipunsebat *karya sastra*. Mekaten ugi salebetipun tembang, wonten kaidah-kaidah ingkang saged andadosaken tembang punika saged dipunwastani karya sastra ingkang sae. Miturut Prof. Gary Ewer (salebetipun www.mahirmenulislagu.com) *kaidah-kaidah* ingkang saged andadosaken tembang saged dipunsebat sae inggih punika kados wonten ngandhap punika.

- 1) Saged ngandharaken tegesipun kanthi ringkes.
- 2) Bobotipun gumantung dhateng ancas tembang.
- 3) Saged narik daya pamireng supados langkung remen mireng saha terus mirengaken tembang kanthi boten bosen.
- 4) Kasusun kanthi rapi.
- 5) Saged nggamaraken kawontenan pamireng, saengga tembang punika kados nggamaraken kawontenan pamirengipun.

Tembang ingkang sae punika katitik saking cakepan ingkang saged ngandharaken makna tembang kanthi sampurna dhumateng pamirengipun. Kanthi tetembungan sanes, cakepan tembang ingkang sampurna saged memenuhi butuhanipun dasar priyantun kangge *komunikasi*. Cakepan ingkang sampurna saged kemawon boten urut (kanthi tata basa), ananging ancasipun saged dipuntampi kaliyan pamireng saha dipunmangertosi saengga saged ngraosaken emosi ingkang sami kaliyan panganggit.

Kajawi kriteria kaidah wonten nginggil ingkang dados dhasar ngripta tembang ugi wonten cara ingkang dipunangge supados karya sastra punika langkung kapireng endah kados pamanggihipun Joyopuspito (2006: 22) ngandhap punika;

- 1) *kreatif,*
- 2) kathah *refrensi,*
- 3) *inovatif/ boten monoton,*
- 4) wonten ancas ingkang jelas (kados nggamaraken kawontenan sanyatanipun wonten pagesangan, raos manah, kritik, saran, saha sanesipun), saha
- 5) *kombinasi* ingkang *serasi.*

Saking pamanggihipun Joyopuspito wonten nginggil katingal bilih panganggit ingkang sae anggitanipun inggih punika gumantung saking panganggitipun piyambak. Bilih panganggit ingkang anggitanipun saged nyangkup sedaya kriteria punika saged dipunsebat anggitanipun nggadhahi *kualitas* ingkang sae.

b. Jinisipun sekar utawi tembang

Tembang wonten Jawi dipunperang dados tigang golongan. Miturut Padmosoekotjo (1958:26) golong-golonganipun tembang inggih punika dipunperang wonten ing ngandhap punika.

- 1) Tembang Kawi utawi tembang Gedhe.
- 2) Tembang Tengahan utawi tembang Dagelan.
- 3) Tembang Macapat utawi tembang Cilik.

Medal saking golonganipun tembang Jawi ing nginggil, wonten jaman modern saha globalisasi sakpunika, kathah jinis/ golonganipun tembang. Wonten tembang ingkang kalebet golongan modern lajeng tuwuhaneka warni jinis, antawisipun campursari, kroncong, dangdut, pop Jawi, hip-hop Jawi, saha sanesipun. Pangelompokaning jinis tembang jumbuh kaliyan *kemiripannya* antawisipun satunggal kaliyan sanesipun dipunsebat *genre musik*. Tembang ugi dipunkelompokaken jumbuh kaliyan *kriteria* sanesipun, kadosta geografi. *Genre* saged dipudefinisikaken kanthi *teknik* musik, *gaya*, *konteks*, saha *tema* musik.

Kanthi umum, musik saged dipunperang miturut gunanipun. Pangelompokaning kanthi aliran utawi gaya wonten 3, inggih punika musik seni, musik popular, saha musik tradisional. Musik seni (*art musik*) antawisipun musik klasik. musik popular antawisipun *jazz, gospel, blues, rhythm and blues, funk, rock, metal, hardcore, electronic, ska, reggae, dub, hip hop / rap / rapcore*, saha *pop*. Lajeng musik tradisional antawisipun *latin, country*, saha dangdut (http://id.wikipedia.org/wiki/Genre_musik).

c. Tembang Hip-hop

Pangertosan hip-hop wonten salebetipun web
http://id.wikipedia.org/wiki/Musik_hip_hop inggih punika salah satunggaling gerakan kabudayan ingkang tuwuhanekinten-kinten tahun 1970 ingkang dipunrembakakaken kaliyan masyarakat Afro-Amerika saha latin-Amerika. Kanthi prasaja tembang hip-hop inggih punika salah satunggaling aliran jinis musik ingkang *tempo* vokalipun langkung inggil tinimbang *tempo musical*. Hip-hop punika gabungan (*perpaduan*) ingkang *dinamis* antawisipun *elemen-elemen*

ingkang kadadosan saking *MCing* (langkung dipunkenal *rapping*), *DJing*, *Breakdance*, saha *Graffiti*. Sakpunika elemen hip-hop ugi dipunwernoni kaliyan *beatboxing*, *fashion*, basa slang, saha sanesipun.

d. Jogja Hip-hop Foundation

Hip-hop ngrembaka wonten kathah nagari, salah sawijining wonten nagari Indonesia. Wonten Indonesia, hip-hop ugi ngrembaka miturut dhaerahipun. Mliginipun wonten kutha Yogyakarta, tembang hip-hop ugi ngrembaka dados aliran tembang ingkang migunakaken basa Jawa. Salah satunggalipun grup musik ingkang aliranipuin hip-hop wonten Yogyakarta inggih punika Jogja Hip-Hop Foundation ingkang asring dipunsingkat JHF. JHF kadadosan asking tigang crew inggih punika; 1) Kill the DJ alias Marzuki Mohammad, 2) Jahanam, saha 3) Rotra alias Janu Prihaminanto *a.k.a* Ki Ageng Gantas. Grup punika madeg wonten tahun 2003. Tetembangan grup musik punika kathah ingkang minangka gegambaran masyarakat ingkang wonten tlatah Yogyakarta, ugi asring migunakaken geguritanipun Sindhunata minangka sastrawan saha serat-serat para leluhur ingkang damel inspirasinipun (<http://www.hiphopdiningrat.com/about>).

Grup Jogja Hip-hop Foundation dipunmadegaken dening Marzuki Mohammad alias Kill the DJ tahun 2003, inggih punika grup hip-hop Jawi ingkang anggotanipun inggih punika; Kill the DJ, Jahanam, saha Rotra ingkang langkung dipuntepang KI Jarot. JHF inggih punika *soundtrack* pagesangan wonten Yogyakarta, kutha ingkang tradhisi terus tuwuhan wonten tengahing era modernisasi. *Beat urban* khas hip-hop dipuncampur kaliyan gamelan saha basa Jawi, ingkang antawisipun nggesangaken malih sastra utawi mantra tradhisional.

Sedaya karipta kanthi natural tanpa pretensi kontemporer ingkang dipuntembangaken dening kathah generasi saking plosok desa dumugi kutha.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang saged dipunginakaken kangge referensi/ ingkang jumbuh inggih punika panaliten kanthi irah-irahan “*Alih Kode Dan Campur Kode Pada Proses Pembelajaran Basa Jawa Kelas IX SMA Adisutjipto Yogyakarta*” anggitanipun Lia Rusmiyati tahun 2013. Panaliten punika wosipun ndeskripsikaken jinisipun alih kode saha campur kode ugi ingkang dados faktor ingkang ndayani salebetipun pasinaon basa Jawi. Ingkang sanesipun panaliten ingkang jumbuh inggih punika kanthi irah-irahan “*Campur Kode Dan Alih Kode Dalam Ujian Skripsi Mahasiswa Program Studi Pendidikan Basa Jawa*” anggitanipun Ema Eliya Roza wonten tahun 2013 ugi. Panaliten Ema punika ngandharaken jinis campur kode saha alih kode ugi faktor sebaipun salebeting ujian skripsi mahasiswa program studi basa Jawi wonten UNY.

Kalih panaliten punika sami kajianipun, ananging benten ingkang dados objekipun. Ingkang panaliten setunggal ingkang dados objek inggih punika nalika proses pasinaon, ingkang panaliten kaping kalih objekipun inggih punika nalika ujian skripsi mahasiswa. Benten kaliyan panaliten punika inggih punika ingkang kaping setunggal objekipun panaliten punika migunakaken cakepan tembang ingkang dipunangge saha ingkang kaping kalih inggih punika basa ingkang dipunangge wonten seratan panaliten kalih kalawau migunakaken basa Indonesia, bilih panaliten punika migunakaken basa Jawi. Tetembangan hip-hop Jawi

anggitanipun JHF wonten punika ingkang dipunpilih. Ingkang kaping kalih panaliten punika migunakaken basa Jawi wonten seratanipun.

C. Nalaring Pikir

Alih kode saha campur kode punika *dampak* saking bilingual utawi multilingual. Priyantun pangangge basa wonten kalanipun migunakaken basa ingkang dipunkuwaosi kanthi sesarengan utawi tumpang tindih saengga nyampur antawisipun setunggal basa kaliyan basa sanesipun. Kanthi punika, priyantun kalawau kanthi boten sadhar ngakokaken alih kode saha campur kode.

Kode inggih punika sistem turur ingkang nerapipun unsur basanipun nggadhahi *ciri khas* jumbuh kaliyan *latar belakang penutur* saha lawan turur, ugi kawontenan turur ingkang wonten. Alih kode inggih punika prastawa gantenin utawi ewahipun basa ingkang kadadosan wonten panganggening basa, kawontenan, saha ragamipun basa. Dene campur kode inggih punika prastawa campuripun kalih basa utawi langkung, utawi ragam basa wonten salah satunggal masyarakat penutur tanpa sengaja utawi kabiasan, ingkang panganggenipun kawates saking perangan *klausa* kemawon. Prastawa kode punika saged wonten *konteks* punapa kemawon, salah stunggalipun inggih punika budaya. Mliginipun wonten budaya punika seni tembang. Kathah tetembangan wonten Jawi ingkang ngrembaka wonten sakpunika. Kanthi ngrembakanipun punika ugi kathah migunakakeh maneka warni basa wonten salebetipun cakepan. Kados dene tembang hip-hop Jawi ingkang migunakaken maneka warni jinis basa wonten cakepanipun.

Panaliten punika maksudipun ndeskripsikaken alih kode saha campur kode saha faktor ingkang ndayani wonten salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF migunakaken *pendekatan deskriptif*. *Pendekatan* punika dipunlakokaken kanthi tigang laku; 1) Ngempalaken data saha klasifikasi, 2) nyateti wonten kertu data, saha 3) nganalisis jinis saha faktor ingkang ndayani kanthi cara deskripsi.

Saking perangan wonten nginggil prelu dipunmangertosi kados pundi kode wonten cakepan tetembangan mliginipun tembang hip-hop Jawi punika awrat kangge nggatosaken prastawa kode, saengga langkung nguwaosi babagan prastawa basa.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Metode utawi jinis panaliten minangka piranti, *prosedur*, *teknik*, saha cara ingkang dipunpilih kange nglaksanakaken panaliten utawi ngempalaken data. Salah satunggaling jinis panaliten inggih punika *deskriptif*, inggih punika metode damel gegambaran kanthi *sistematis*, *faktual*, *akurat* babagan data, sifat saha gegayutan *fenomena* ingkang dipunteliti. Jinis panaliten punika, metode ingkang asring dipunangge wonten panaliten *kualitatif*, mliginipun wonten jinis pangempalan data ingkang boten arupi angka (Fatimah 2006: 12).

Amargi kasiling panaliten punika data *deskriptif* ingkang arupi tetembungan ingkang kaserat, saengga panaliten punika migunakaken metode panaliten *deskriptif*. Metode punika dipunpilih amargi jumbuh kaliyan pamanggihipun Fatimah wonten nginggil. Panaliten *deskriptif kualitatif* punika nggambaraken punapa wontenipun data ingkang dipunteliti saha datanipun ingkang murni boten wonten tinambahan saking data sanesipun ingkang boten kalebet objek panaliten.

Panaliten punika maksudipun kange mangertosi gambaran *deskriptif* babagan alih kode saha campur kode ingkang wonten ing tembang hip-hop Jawi Anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation (JHF).

B. Data Panaliten

Panaliten punika mundhut cakepan tembang ingkang dados *objek* panaliten. Cakepan tembang punika awujud tetembungan ingkang dipunsusun saengga dados ukara. Kempalan ukara antawisipun satunggal kaliyan sanesipun samangke wonten gayutipun saengga dados cakepan tembang, lajeng cakepan punika saged dipunmangertosi ancasipun kaliyan pamireng. Ukara-ukara wonten cakepan punika ingkang dados sumberipun data ingkang badhe dipunteliti.

Sumberipun data punika arupi lisan, amargi angsalipun data saking paocapan-paocapan tembang ingkang dipuntembangaken dening Jogja Hip-hop Foundation. Basanipun data ugi lesan ingkang samangke dipunsimak salajengipun dipunserat lajeng dipunteliti. Kajawi mekaten, kangge tinambahan supados data langkung leres, sumber data ugi saged dipunpanggihi saking seratan-seratan cakepan tembang ingkang wonten ing buku-buku seratan cakepan tembang utawi saking *medhia internet*.

Sumber data saking tembang hip-hop Jawa punika migunakaken 8 irah-rahan tembang inggih punika; 1) *Song of Sabdatama*, 2) *Jogja Istimewa*, 3) *Juli-juli Lolipop*, 4) Rep Kedhep, 5) *Cintamu Sepahit Topi Miring*, 6) Ora Cucul Ora Ngebul, 7) Cicak Nguntal Baya, saha 8) *Rela (rap version)*. Sedaya tembang kalawau anggitanipun *grup music* ingkang kalebet wonten Jogja Hip-hop Foundation.

C. Cara Ngempalaken Data

Arikunto (2002:136), paring panyaruhipun bilih *metode penelitian* adalah berbagai cara yang digunakan peneliti dalam mengumpulkan data penelitiannya. Dados, cara utawi metode panaliten inggih punika acara ingkang dipunangge panaliti kangge ngempalaken data. Panaliten punika migunakaken kalah metode/ teknik kange ngempalaken data, inggih punika kanthi teknik simak serat saha teknik pustaka.

1. Teknik simak saha nyerat inggih punika ngawontenaken nyemak saking panganggeling basa paocapan saha ngawontenaken seratan punapa ingkang dipunsimak (tanskripsi) kangge data ingkang relevan jumbuh kaliyan ancas panaliten (Mahsun, 2007: 92).
2. Teknik pustaka inggih punika migunakaken sumber-sumber sinerat kange manggihaken data.

Teknik ingkang dipungunakaken inggih punika metode *observasi* boten langsung amargi migunakaken piranti pambiyantu utawi *instrument* arupi ukara wonten cakepan tetembang hip-hop Jawi ingkang dipuntembangaken dening Jogja Hip-hop Foundation. Piranti pambiyantu punika saged arupi seratan-seratan awujud buku cakepan tembang utawi saged saking *medhia internet*.

Gegambaran cekak kange ngempalaken data inggih punika wiwitanipun migunakaken medhia tape utawi *media player* kangge muter tembang. Nalika tembang dipunputer panaliti nyemak tetembungan ingkang dipunangge wonten cakepan sinambi nyerat wonten buku catetan utawi kertu data. Kalajengaken dipunsamikaken kaliyan cakepan ingkang sampun kaserat saking medhia pustaka.

D. Piranti Panaliten

Arikunto (2002: 136), ngandharaken bilih *instrumen* panaliten inggih punika piranti utawi fasilitas ingkang dipunangge kaliyan panilti kange ngempalaken data supados padamelanipun saged langkung gampil ugi hasilipun langkung sae, tegesipun langkung *cermat, lengkap, saha sistematis* saengga langkung gampil dipunolah.

Adhedhasar saking teknik ngempalaken data ingkang dipunangge, saengga panaliten punika migunakaken teknik simak nyerat saha pustaka ingkang mbetahaken piranti-piranti kirang langkung kados wonten ing ngandhap punika.

1. *Tape/ VCD* utawi *media player*.
2. Kaset utawi VCD tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.
3. Piranti tulis (buku, pulpen, lan sanesipun)
4. Buku-buku cakepan tembang utawi *media internet*.

Sedaya piranti kalawau gadhah fungsipun piyambak-piyambak, kadosta *tape* saged damel muter kaset ingkang wosipun tembang, buku kange nyatet nalika nyimak tembang, saha sanesipun. Kajawi piranti wonten nginggil, panaliten punika inggih migunakaken kertu data kange nganalisis alih kode saha campur kode ingkang wonten cakepan. Wujud kertu data kados wonten tuladha kertu data ngandhap punika

Tabel 1. Tuladha Kertu Data

KERTU DATA		
Irah-irahan Tembang	<i>Song of Sabdatama</i>	<i>bait: 1-2</i>
Cakepan	<p><i>We are from Jogja, the heart of Java, our culture is weapon. Yeah, this Song of Sabdatama.</i></p> <p>Merapi ya iku, keraton ya iku, pancer ing tugu mijil tuwu saka kono dumunungku. Yo, Ngayogyakarta hadiningrat negeriku.</p>	
Jinis kode	<i>Alih Kode Ekstern</i>	
Faktor	<p>Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>.</p>	
Katrangan	Ewahipun basa saking basa Inggris wonten basa Jawi.	

Data ingkang sampun kapundhut saking kertu data kados wonten nginggil, lajeng dipunperang miturut jinisipun alih kode utawi campur kode. Kalajengaken dipunlebetaken wonten tabel analisis alih kode saha campur kode kange nganalisis perkawis ingkang dipunrembag. Ingkang pungkasan data panaliten dipunanalisis jinisipun kode saha faktor sebabipun kanthi *deskriptif*. Tuladha tabel analisis migunakaken kados wonten ngandhap punika.

Tabel 2. Tuladha Tabel Analisis Alih Kode

No	Data	Jinis Alih Kode		Faktor Ingkang Ndayani	Indikator/ Katrangan
		I	E		
1.	“ <i>What Jogja want is harmony in diversity. Urip iku amrih nemu harmoni.</i> ” (<i>Song of Sabdatama; bait 7</i>)		√	1. Gayutipun ukara wonten ngajengipun (<i>translate Inggris-Jawi</i>). Panganggit ngegesaken basa ingkang dipunangge. 2. Gayutipun <i>basa-basi</i> saha ungkapan.	Ewahipun basa saking basa Inggris wonten ing basa Jawi. (B Ing – B J)
2.	“ <i>Jogja, Jogja, tetap istimewa. Jogja istimewa, untuk Indonesia.</i> Rungokna iki gatra saka Ngayogyakarta, negeri paling penak rasane kaya suwarga.” (<i>Jogja Istimewa; bait 1-2</i>)		√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook</i> tembang.	Ewahipun basa saking basa Indonesia wonten ing basa Jawi. (B I – B J)

Tabel 3. Tuladha Tabel Analisis Campur Kode

No	Data	Jinis Campur Kode			Indikator	Wujud Campur Kode	Faktor Ingkang Ndayani	Katrangan
		D	C	L				
1.	“ <i>Sejarah</i> ning kene wis mbuktikake.” (<i>Jogja Istimewa; bait 6</i>)	√			<i>sejarah</i>	tembung	Winatesipun tembung.	Tembung basa Indonesia salebetipun ukara basa Jawi.
2.	“Ngemut permen, permen <i>lollipop</i> , bunder tur gepeng rasane legi.” (<i>Jula-juli Lollipop; bait 1</i>)			√	<i>lollipop</i>	tembung	Winatesipun tembung.	Tembung basa Inggris salebetipun ukara basa Jawi.

E. Cara Nganalisis Data

Cara analisis data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika *teknik analisis deskriptif* mawi data-data awujud tetembungan cakepan wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF ingkang ngandhut alih kode saha campur kode dening panganggit utawi ingkang nyekaraken inggih punika Jogja Hip-hop Foundation. Data-data ingkang dipunbetahaken ing panaliten *deskriptif* dipungambaraken mawi tetembungan, sanes angka-angka.

Data ingkang awujud tetembungan/ ukara saking cakepan sekar ingkang wonten gayutipun alih kode saha campur kode dipunserat wonten kertu data. Kertu data dipunisi nalika nyemak sekar utawi tembang. Salebetipun kertu data dipunserat irah-irahanipun tembang saha cakepanipun ingkang wonten gayutipun kaliyan alih kode saha campur kode. Lajeng wonten kolom jinis kode dipunserat kalebet punapa jinisipun kode, saha wonten kolom katrangan dipunserat punapa ingkang dados katrangan tetembungan/ ukara punika kalebet objek panaliten ugi wonten katrangan dipunserat wonten bait saha baris kaping pinten data kalawau dipunpundhut.

Kertu data punika dipunkempalaken, lajeng data ingkang dipunpanggihaken dipunlebetaken wonten tabel analisis miturut jinisipun. Panyerat damel deskripsi sedaya ingkang dipunpanggihaken wonten subjek panaliten. Deskripsi punika dipundamel miturut jumlahipun data ingkang dipunpanggihaken utawi saben setunggal kertu data wonten salebetipun tabel deskripsi analisis. Kalajengaken dipunpundhut jinisipun alih kode saha campur kode punapa kemawon saha ingkang dados faktor sebabipun ingkang wonten

salebeting cakepan tetembangan hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation kanthi bukti ingkang sampun karembag wonten deskripsi kertu data kalawau.

F. Cara Ngesahaken Data

Cara anggenipun ngesahaken data panaliten punika minangka *validitas* saha *reliabilitas* data. Kegiyatan ingkang dipuntindakaken kangge nggayuh asiling panaliten ingkang valid, inggih punika kanthi cara nyemak, nggatosaken, saha nganalisis kanthi premati kanthi pandom ingkang sampun kaandharaken wonten ing teori.

Saking bab *validitas*, anggenipun ngesahaken data punika migunakaken *validitas semantik*. *Validitas semantik* inggih punika mangertosi data adhedhasar kasunyatanipun (kontekspun), inggih punika tetembungan ingkang dipunginakaken wonten cakepan tembang ugi dipunpanggihaken saking pengamatan kanthi *tekun*. Saking bab *reliabilitas* data wonten ing panaliten punika kanthi nyemak saha nganalisis data makaping–kaping, saengga pikantuk data ingkang stabil, bab punika dipuntindakaken dening panyerat piyambakan saha dipunpanggihaken saking *konsultasi* kaliyan ahli ingkang kompeten wonten bidangipun (*expert judgement*), wonten punika Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minangka ahli basa saha dosen pembimbing skripsi. Asilipun data lajeng dipunkaji miturut wosing perkawis ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten. Panaliten saged dipunpungkasi menawi data ingkang dipunginakaken sampun saestu *stabil*, saengga sampun saged dipunanalisis wonten ing *karya ilmiah*.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Panaliten punika migunakaken 8 tembang hip-hop Jawi kanthi irah-irahan ingkang benten. Panaliten manggihaken jinis-jinis alih kode saha campur kode ugi faktor ingkang ndayani ingkang ndayani prastawa alih kode saha campur kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation. Asilipun panaliten punika dipunaturaken kanthi seratan awujud tabel.

1. Jinis-jinis saha Faktor Ingkang Ndayani Alih Kode wonten ing Tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.

Panaliten punika manggihaken wontenipun jinis alih kode saha faktor ingkang ndayani kadadosan alih kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation. Alih kode dipunperang dados kalih jinis inggih punika alih kode *intern* saha alih kode *ekstern*, panaliten punika ugi manggihaken kalih jinis alih kode inggih punika alih kode *intern* saha alih kode *ekstern*. Faktor ingkang ndayani kanthi adhedhasar *aspek sosio-kultural* dipunpanggihaken faktor ingkang ndayani kados wonten tabel asil panaliten. Asilipun panaliten babagan jinis saha faktor ingkang ndayani kaserat wonten ing tabel asil panaliten ngandhap punika.

Tabel 4. Alih Kode wonten ing tembang Hip-hop Jawi Anggitanipun JHF.

No	Jinis Alih Kode	Data	Faktor Ingkang Ndayani	Katrangan/ Indikator
1.	<p><i>Intern:</i> B J – B I</p> <p><u>Bumi pertiwi adalah saudara kami yang harus dijaga dan dihormati.</u> (<i>Song of Sabdatama; bait 5</i>) 'Dhumateng sedulur sikep kedah sami ngurmati saha ngopeni. Bumi pertiwi inggih punika papan pangenan kita sedaya ingkang kedah dipunjagi.'</p> <p>B I – B J</p> <p><u>Jogja, Jogja, tetap istimewa. Jogja istimewa, untuk Indonesia.</u> Rungokna iki gatra saka Ngayogyakarta, negeri paling penak rasane kaya suwarga. (<i>Jogja Istimewa; 1-2</i>) 'Jogja istimewa kangge nagara Indonesia. Cobi dipunmirengaken gatra punika saking Ngayogyakarta nagari kepenak raosipun kados suwarga.'</p>	<p>Marang sedulur sikep kudu ngajeni lan ngopeni.</p> <p>1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 2. Langkung kepenak dipunmirengaken (gayutipun guru lagu)</p> <p>1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & langkung gumyak. 2. Gayutipun <i>reff/ hook</i> tembang. 3. Paring raos semangat.</p>	<p>Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)</p> <p>Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)</p>	

Tabel salajengipun

2.	<i>Ekstern:</i> BJ – BIng	Ditohi pecahing dhadha luntaking ludira nganti pati, negeri mardika bakal tak belani. <u>We are from Jogja, central of Java, our rhyme is mantra, flows down like lava.</u> (<i>Song of Sabdatama; bait 3-4</i>) 'Dipunbelani ngantos kepati-pati, nagari ingkang mardika kula belani. Kawula sedaya saking Jogjakarta pusatipun tanah Jawi, sajak tembang kawula inggih punika mantra ingkang mili kados lava.'	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung variatif. 2. Gayutipun <i>reff/ hook</i> tembang. 3. Gayutipun guru lagu tembang utawi langkung kepenak dipunmirengaken.	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Inggris. (B J – B Ing)
	BIng – BJ	<u>Why democracy if occupied by oligarchy?</u> Nggo apa demokrasi nek mung ngapus? (<i>Song of Sabdatama; bait 7</i>) 'Kangge punapa demokrasi menawi badhe namung ngapus.'	1. Gayutipun ukara wonten ngajengipun (<i>translate Inggris-Jawi</i>). Panganggit ngtegesaken basa ingkang dipunangge. 2. Gayutipun <i>basa-basi</i> saha <i>ungkapan</i> . 3. Supados langkung gumyak.	Ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. (B Ing – B J)
	BI - BIng	<i>Bangun jiwanya, bangun raganya sentausa dalam puspa warna.</i> <u>We are from Jogja, the heart of Java, our rhyme</u>	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Inggris. (B I – B Ing)

Tabel salajengipun.

	<p><i>is mantra flows down like lava. (Song of Sabdatama; bait 5-6)</i></p> <p>‘Dipunbangun jiwa saha raganipun saengga sentosa salebetipun pagesanganipun’</p>	<p>langkung <i>variatif</i>.</p> <p>2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i>.</p> <p>3. Gayutipun guru lagu tembang utawi langkung kepenak dipunmirengaken.</p>	
--	------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--

Jinis alih kode ingkang dipunpanggihaken wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation inggih punika alih kode *intern* saha alih kode *ekstern*. Alih kode *intern* inggih punika alih kode ingkang kadadosan antawisipun basa piyambak, kadosta saking basa Indonesia dhateng basa Jawi saha sawalikipun. Ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika jinisipun alih kode ingkang awujud ewahipun basa, inggih punika antawisipun basa Jawi dhateng basa Indonesia ugi sawalikipun basa Indonesia wonten basa Jawi. Alih kode *ekstern* inggih punika alih kode ingkang kadadosan antawisipun basa (salah satunggaling basa utawi ragam ingkang wonten *verbal repertoire* masyarakat tuturipun) kaliyan basa asing utawi manca. Ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika jinisipun alih kode ingkang awujud basa antawisipun basa Jawi dhateng basa Inggris, basa Inggris dhateng basa Jawi, saha basa Indonesia dhateng basa Inggris.

Faktor ingkang ndayani ingkang andadosaken alih kode wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation ingkang dipunpanggihaken inggih punika; (1) ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & langkung gumyak, (2) langkung kepenak

dipunmirengaken (gayutipun guru lagu) saha paring raos semangat, (3) gayutipun *reff/ hook* tembang, (4) gayutipun ukara wonten ngajengipun (*translate Inggris-Jawi*), (5) gayutipun *basa-basi* utawi *ungkapan*, saha (6) saweg sandiwara.

2. Jinis-jinis saha Faktor Ingkang Ndayani Campur Kode wonten ing Tembang Hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.

Panaliten punika kajawi manggihaken wontenipun jinis alih kode saha faktor ingkang ndayani kadadosan alih kode, ugi manggihaken wontenipun jinis saka faktor ingkang ndayani campur kode. Campur kode inggih punika prastawa campuripun kalih basa utawi langkung, utawi ragam basa wonten salah satunggal masyarakat penutur tanpa sengaja utawi kabiasan, ingkang panganggenipun kawates saking perangan klausa kemawon. Asilipun pannaliten wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation babagan perkawis jinisipun campur kode dipunpanggihaken tigang jinis campur kode inggih punika campur kode *ke dalam*, campur kode *ke luar*, saha campur kode *campuran*. Asilipun panaliten pirembagan jinis campur kode saha faktor ingkang ndayani wontenipun campur kode salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation kaserat wonten tabel asil analisis data ngandhap punika.

Tabel 5. Campur Kode wonten tembang Hip-hop Jawi Anggitanipun JHF.

No	Jinis Campur Kode	Wujud Campur Kode	Data	Faktor Ingkang Ndayani	Katrangan/ Indikator
1.	<i>ke dalam</i>	<p>a. tembung</p> <p>Nggo apa <i>demokrasi</i> nek mung ngapus? (<i>Song of Sabdatama; bait 7</i>) ‘Kangge punapa demokrasi anamung kangge ngapusi’</p> <p>b. <i>frasa</i></p> <p>Ganti HP nganggo HP <i>tipe terbaru</i>, senengane mung blanja ro mlaku-mlaku. (<i>Jula-juli Lollipop; bait 6</i>) ‘Gantos HP jinis ingkang paling enggal saha remenipun namung blanja kaliyan mlampah-mlampah.’</p> <p>c. <i>baster</i></p> <p>Seni ra penting sing penting entuk duite, <i>inspirasine</i> wis ilang dipendhem mati. (<i>Jula-juli Lollipop; bait 2</i>) ‘Seni wonten sakpunika sampun boten penting, ingkang penting inggih punika artanipun saengga isnpirasinipun seni dipunpendhem kandos seda.’</p>	<p>1. Winatesipun tembung. 2. Gampil dipunemut-emut.</p> <p>1. Tetembungan langkung akrab saha gemyak. 2. Gampil dipunemut-emut.</p> <p>1. Gampil dipunemut-emut 2. Gayutipun <i>variasi</i> basa caketan. 3. Basa langkung akrab/ kepenak.</p>	<p>Tembung basa Indonesia (<i>demokrasi</i>) salebetipun ukara basa Jawi.</p> <p><i>Frasa</i> basa Indonesia (<i>tipe terbaru</i>) salebetipun ukara basa Jawi.</p> <p><i>Baster</i> basa Indonesia (<i>inspirasine</i>) salebetipun ukara basa Jawi.</p>	

Tabel salajengipun.

		d. kata - ulang	<p>Genderuwo tela-telo tampak loyo. (<i>Cintamu Sepahit topi Miring</i>; 7)</p> <p>‘Genderuwo musuh-misuh katon loyo.’</p>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas nepangaken <i>istilah</i> basa Jawi. 2. Gayutipun <i>variasi</i> tembang. 3. Tetembungan langkung akrab saha gumyak. 	<p><i>Kata ulang</i> basa Jawi (<i>tela-telo</i>) salebetipun ukara basa Indonesia.</p>
		e. ungkapan/ idiom	<p>Seni saiki nuruti pasar sing mlaku, dadi bakulan asal tahu sama tahu. (<i>Jula-juli Lollipop</i>; bait 4)</p> <p>‘Seni jaman sakpunika nuruti pasar ingkang mlampah, saengga dados bakulan punika kanthi titen sami-sami mangertos ancasipun.’</p>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ningalaken kawruhipun. 2. Gampil dipunemut-emut. 3. Tetembungan langkung kepenak saha gumyak 	<p><i>Ungkapan/ idiom</i> basa Indonesia (<i>asal tahu sama tahu</i>) salebetipun ukara basa Jawi.</p>
2.	<i>ke luar</i>	a. tembung	<p>Ngemut permen, permen lollipop, bunder tur gepeng rasane legi. Kepingin laris, pengen dadi ngetop, karyane laris tur senine mati. (<i>Jula-juli Lollipop</i>; bait 1)</p> <p>‘Dhahar permen lollipop ingkang wujudipun bunder, gepeng, raosipun manis. Pengen karyanipun laris</p>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Winatesipun tembung. 2. Nepangaken basa/ budaya enggal. 3. Tetembungan langkung akrab. 	<p>Tembung basa Inggris (<i>lollipop</i>) salebetipun ukara basa Jawi.</p> <p><i>Frasa</i> basa Inggris (<i>tank-top</i>) salebetipun</p>

Tabel salajengipun.

		b. <i>frasa</i>	saha ngetop, saengga seninipun pejah.'		
3.	<i>campur-an</i>	a. tembung – <i>baster</i>	Nganggo <u>tank-top</u> mlaku ning pasar Bantul, sangu kates, katese mentul-mentul. (Ora Cucul ora Ngebul; <i>bait</i> 6) 'Ngagem kutang mlampah wonten ing pasar Bantul sinambi ngasta kates ingkang mentul-mentul.'	1. Gayutipun <i>audience</i> (kawula mudha). 2. Tetembungan langkung gumyak saha akrab. 3. Panganggit ningalaken kawruhipun.	<i>Frasa</i> basa Inggris (<i>tank-top</i>) salebetipun ukara basa Jawi.
		b. <i>frasa – baster</i>	Kepengen <u>beken</u> , pengen dadi <u>ngetop</u> , karyane laris tur senine mati. (<i>Jula-juli Lollipop</i> ; <i>bait</i> 1) 'Kepengen dipuntepang saha dados ngetop, saengga karyane laris ananging seninipun pejah'	1. Winatesipun tembung. 2. Gampil dipunemut-emut. 3. Tetembungan langkung gumyak saha akrab.	Tembung basa Indonesia (<i>beken</i>) & <i>baster</i> basa Inggris (<i>ngetop</i>) salebetipun ukara basa Jawi.
			Sing dituju <u>nilai rupiah</u> lan <u>dollare</u> , golek cara ben payu laris dagangane. (<i>Jula-juli Lollipop</i> ; <i>bait</i> 2) 'Ingkang dipunancas kathahipun rupiah dolaripun, saengga pados cara supados laris dodolanipun.	1. Winatesipun tembung. 2. Ningalaken kawruhipun 3. Tetembungan langkung akrab.	<i>Frasa</i> basa Indonesia (<i>nilai rupiah</i>) & <i>baster</i> basa Inggris (<i>dollare</i>) salebetipun ukara basa Jawi.

Katitik saking tabel asil panaliten wonten nginggil, dipunpanggihaken campur kode ingkang kadadosan wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation jumbuh kaliyan teori pamanggihipun Soewito saha Jendra kados ingkang dipunandharaken wonten dhasaripun teori, jinisipun ingkang dipunpanggihaken inggih punika *ke dalam, ke luar, saha campuran*. Campur kode *ke dalam* wonten panaliten punika dipunpanggihaken kanthi wujud tembung, *frasa, baster*, saha dwilingga/ *perulangan kata*. Campur kode *ke luar* wonten panaliten punika dipunpanggihaken kanthi wujud tembung saha *frasa*. Ingkang jinis campur kode *campuran* wonten panaliten punika dipunpanggihaken kanthi awujud tembung-*baster* saha *frasa-baster*.

Faktor ingkang ndayani kadadosan prastawa campur kode ingkang dipunpanggihaken wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation, jumbuh kaliyan pamanggihipun teorinipun Soewito saha Nababan ingkang karembag wonten dasaripun teori antawisipun inggih punika; (1) winatesipun tembung, (2) basa/ tembung gampil dipunemut-emut utawi langkung akrab saha gumyak, (3) kangge ningalaken kawruhipun panganggit, (4) gayutipun *variasi* basa cakepan tembang, (5) nepangaken basa/ budaya enggal, (6) ancas tartamtu (pisuhan), saha (7) saweg sandiwara njumbuhaken kawontenan sanyatanipun.

B. Pirembagan

Panaliten alih kode saha campur kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation dipunpanggihaken asil panaliten ingkang awujud jinis alih kode saha campur kode ugi faktor-faktor ingkang ndayani kalih prastawa basa kasebat. Pirembagan asil panaliten kaserat wonten ngandhap punika.

1. Jinis-Jinis Alih Kode wonten ing Tembang Hip-Hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.

Salah satunggalipun dampak saking kedwibasan utawi multibasan wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF inggih punika alih kode. Alih kode inggih punika prastawa gantenipun utawi ewahipun basa ingkang kadadosan wonten panganggenipun basa, kawontenan, saha ragamipun basa. Jinis alih kode ingkang wonten ing panaliten tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF inggih punika alih kode *intern* saha alih kode *ekstern*.

a. Alih Kode *Intern*

Alih kode *Intern* inggih punika alih kode ingkang kadadosan antawisipun basa piyambak, kadosta saking basa Indonesia dhateng basa Jawi saha sawalikipun (Soewito, 1983: 74). Salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF migunakaken alih kode *intern* saha *ekstern* salebetipun cakepan, amargi panganggitipun gadhah kawruh saged migunakaken langkung saking satunggal utawi kalih *variasi* wonten salebetipun basa ugi badhe nepangaken wonten masyarakat wiyar kawontenan masyarakat saha perkawis *keistimewaan* Jogjakarta

salebetipun nagari Indonesia. Alih kode *intern* ingkang wonten salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF ingkang dipunpanggihaken inggih punika ingkang awujud alih kode antawisipun basa amargi salebetipun tembang migunakaken limrahipun basa Jawi ragam ngoko ingkang langkung saged dipunmangertosi kaliyan masyarakat *awam*. Wujud alih kode *intern* antawisipun basa salebetipun panaliten punika antawisipun basa Jawi dhateng basa Indonesia saha sawalikipun inggih punika basa Indonesia dhateng basa Jawi.

1) Alih Kode *Intern* saking Basa Jawi dhateng Basa Indonesia (BJ-BI)

Alih kode *intern* antawisipun basa ingkang wonten panaliten punika manggihaken antawisipun ewahipun basa Jawi dhateng basa Indonesia. Data ingkang saged dipunpanggihaken kados data nomer (12) salebetipun tembang kanthi irah-irahan *Jogja Istimewa*.

Data (12): Memayu hayuning bawana, saka jaman perjuangan nganti mardika.
Jogja istimewa bukan hanya daerahnya tapi juga karena orang-orangnya. (*Jogja Istimewa*; 2)

‘Tansah njagi selametipun jagad/ bumi saking jaman *perjuangan* dumugi mardika amargi Jogjakarta istimewa boten namung daerahipun ananging ugi amargi masyarakatipun.’

Saking data alih kode (12) perangan cakepan tembang *Jogja Istimewa bait* kaping kalih wonten nginggil, katingal bilih wonten ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. Wiwitanipun panganggit utawi *penutur* migunakaken basa Jawi anggenipun nembang supados tembang punika langkung ningalaken bilih tembang migunakaken basa Jawi, kalajengaken wonten cakepan salajengipun migunakaken basa Indonesia ingkang ancasipun kangge ningalaken bilih basa utawi cakepan ingkang dipunangge wonten tembang punika

migunakaken maneka warni basa supados langkung saged dipunmangertosi masyarakat wiyar kangge nggiyaraken ugi bilih Jogjakarta punika papan utawi daerah ingkang edi peni tentrem saha *istimewa*.

Tuladha data wonten nginggil punika ingkang dipunsebat prastawa basa alih kode *intern* antawisipun basa Jawi dhateng basa Indonesia amargi ewahipun basa punika saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. Ingkang dados faktor ingkang ndayani ewahipun basa punika antawisipun penutur badhe ningalaken kawruhipun bilih piyambakipun saged migunakaken maneka *variasi* basa saha ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung *variatif* ugi penutur badhe nepangaken *keistimewaan* Jogjakarta kanthi tembang punika.

2) Alih Kode *Intern* saking Basa Indonesia dhateng Basa Jawi (BI-BJ)

Panaliten punika kajawi mangnihaken prastawa basa alih kode *intern* antawisipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia ugi sawalikipun ingkang arupi prastawa basa alih kode antawisipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. Antawisipun basa Jawi saha basa Indonesia punika dipunsebat *intern* amargi tasih gadhah gayutipun basa turunan utawi derah ingkang *serumpun*. Data ingkang kalebet prastawa basa alih kode *intern* saged dipuntingali wonten ing data alih kode (35) ngandhap punika.

Data (35): **Kebohongan itu lumrah, rakyat kecil hanya bisa pasrah, bubrah! parah! bubrah! parah! bubrah!**

Ana cicak nguntal baya, baya coklat nyekel gada. (Cecak nguntal Baya; 3-4)

‘Tumindak ngapusi punika sampun lumrah, rakyat alit namung saged pasrah kaliyan kawontenan ingkang wonten. Wonten cicak nguntal baya werni coklat ingkang nyekel gada.’

Data alih kode (35) punika saking tembang kanthi irah-irahan Cecak Nguntal Baya ingkang wonten cakepanipun wonten *bait* tiga dumugi sekawan katingal bilih wonten ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. Wiwitanipun panganggit migunakaken basa Indonesia salebetipun cakepan tembang ingkang kalajengaken migunakaken basa Jawi kanthi ancas panganggit badhe ningalaken sajatosipun kawontenan ingkang wonten ing masyarakat Jogjakarta ugi gayutipun tembang inggih punika ingkang awujud *hook* utawi *reff* tembang.

Ewahipun basa punika ingkang dipunsebat prastawa basa alih kode *intern* antawisipun basa Indonesia dhateng basa Jawi amargi ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. Kalih basa punika tasih kalebet basa ingkang *serumpun*. Ancasipun ewahipun basa wonten tuladha nginggil supados panganggit ningalaken kawontenan sajatosipun wonten Jogjakarta, gayutipun *variasi* ingkang dipunginakaken wonten tembang, saha gayutipun *hook/ reff* tembang.

b. Alih Kode *Ekstern*

Alih kode ekstren inggih punika alih kode ingkang kadadosan antawisipun basa (salah satunggaling basa utawi ragam ingkang wonten *verbal repertoire* masyarakat tuturipun) kaliyan basa asing utawi manca utawi basa ingkang boten gayutipun saha boten ingkang *serumpun* (Soewito, 1983: 75). Salebetipun tembang hip-hop Jawi, ugi dipunpanggihaken prastawa basa alih kode

ekstern. Panganggit ugi migunakaken basa manca wonten cakepan tembang amargi gadhah kawruh ingkang wiyar babagan *variasi* basa. Ugi panganggenipun basa manca punika ancasipun supados kanthi tembang Jogjakarta dipuntepang kaliyan masyarakat wiyar boten namung satunggal nagari kemawon.

Alih kode *ekstern* ingkang dipunpanggihaken salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF inggih punika ewahipun ingkang awujud basa. Antawisipun ingkang dipunpanggihaken inggih punika ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Inggris, basa Inggris dhateng basa Jawi, saha basa Indonesia dhateng basa Inggris.

1) Alih Kode *Ekstern* saking Basa Jawi dhateng Basa Inggris (BJ-BIng)

Data ingkang kalebet alih kode *ekstern* antawisipun basa saking basa Jawi dhateng basa Inggris salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF salah satunggalipun wonten ing data (2) alih kode. Pirembaganipun wonten ngandhap punika.

Data (2): Ditohi pecahing dhadha luntaking ludira nganti pati, negeri mardika bakal tak belani.

We are from Jogja, central of Java, our rhyme is mantra, flows down like lava. (Song of Sabdatama; 3-4)

‘Dipunbelani ngantos pecahipun dhadha, telasipun getih dumugi seda nagari ingkang mardika bakal kula bela. Kawula sedaya saking Jogjakarta pusatipun tanah Jawi, sajak tembang kawula inggih punika mantra ingkang mili kados lava.’

Data alih kode (2) punika saking cakepang tembang *Song of Sabdatama bait* kaping tiga saha sekawan. Saking data kalawau katingal bilih wonten ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Inggris. Wiwitanipun panganggit migunakaken basa Jawi minangka basa aslinipun kalajengaken migunakaken basa

Inggris wonten cakepan tembangipun. Ancasipun panganggenipun cakepan tembang punika bilih panganggit badhe migunakaken basa aslinipun wonten tembang ingkang dipunlajengaken migunakaken basa Inggris kanthi ancas supados tembang punika langkung *variasi* saha dipunmangertosi masyarakat ingkang wiyar dumugi manca nagari.

Data alih kode (2) wonten nginggil ingkang dipunsebat prastawa basa alih kode *ekstern* antawisipun basa saking basa Jawi dhateng basa Inggris amargi ewahipun basa ingkang dipunangge saking basa Jawi dhateng basa Inggris. Ancasipun inggih ugi kangge ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung *variatif* saha punika gayutipun *hook/reff* tembang.

2) Alih Kode *Ekstern* saking Basa Inggris dhateng Basa Jawi (BIng-BJ)

Alih kode *ekstern* antawisipun basa ingkang dipunpanggihaken wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF inggih punika antawisipun basa Inggris wonten ing basa Jawi. Data ingkang kalebet jinis alih kode punika kados wonten data nomer (1). Pirembaganipun wonten ngandhap punika.

Data (1): *We are from Jogja, the heart of Java, our culture is weapon. Yeah, this Song of Sabdatama.*

Merapi ya iku, keraton ya iku, pancer ing tugu mijil tuwuh saka kono dumunungku. Ya, Ngayogyakarta hadiningrat negeriku. (*Song of Sabdatama*; 1-2)

‘Kawula sedaya saking Jogjakarta pusatipun tanah Jawi, sajak tembang kawula inggih punika mantra ingkang mili kados lava.

Merapi, kraton, panceripun tugu mijil tuwuh saking Ngayogyakarta hadiningrat negeri kawula ngagesang.’

Data alih kode (1) punika saperangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Song of Sabdatama bait* ingkang kaping setunggal saha kalih. Saking data punika katingal wonten ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. Wiwitanipun panganggit migunakaken basa Inggris wonten cakepan minangka *hook* tembang ingkang kalajengaken cakepan salajengipun migunakaken basa Jawi minangka basa aslinipun tembang. Kanthi ancas supados tembang punika langkung *variasi* panganggenipun basanipun.

Data (1) punika ingkang dipunsebat prastawa basa alih kode *ekstern* antawisipun basa Inggris dhateng basa Jawi amargi ewahipun basa punika saking basa Inggris dhateng basa Jawi. Ancasipun panganggenipun *variasi* basa punika kangge gayutipun *hook* tembang saha *variasi* basa ugi kangge ancas supados dipunmangertosi masyarakat manca nagari ugi panganggit badhe ningalaken basa aslinipun.

Data sanesipun ingkang kalebet wonten jinis alih kode punika ugi wonten data kaping (5) ingkang pirembaganipun wonten ngandhap punika.

Data (5): **Why democracy if occupied by oligarchy?** Nggo apa *demokrasi* nek mung ngapus? (*Song of Sabdatama*; 7)

‘Kangge punapa *demokrasi* menawi badhe namung ngapus? Kangge punapa *demokrasi* menawi badhe namung ngapus?’

Data alih kode (5) punika saking saperangan cakepan tembang *Song of Sabdatama bait* kaping pitu. Data punika ningalaken wonten ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. Wiwitanipun panganggit migunakaken basa Inggris kalajengaken migunakaken basa Jawi minangka basa Jawi punika

transliterasinipun basa Inggris ingkang dipunginakaken wonten cakepan tembang sangajengipun.

Ewahipun basa wonten data (5) punika ingkang dipunsebat prastawa basa alih kode *ekstern* aingkang awujud basa antawisipun basa Inggris dhateng basa Jawi. Ancasipun panganggit badhe ngtigesaken saha langkung ngandharaken kanthi jelas cakepan basa Inggris punika dhateng basa Jawi minangka basa aslinipun ingkang dados basa tembang ugi gayutipun *variasi* tembang.

3) Alih Kode *Ekstern* saking Basa Indonesia dhateng Basa Inggris (BI-BIng)

Panaliten wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF ugi manggihaken prastawa basa alih kode *ekstern* ingkang awujud basa antawisipun basa Indonesia dhateng ing basa Inggris. Punika kalebet jinisipun alih kode *ekstern* amargi basa Indonesia saha basa inggris boten minangka basa ingkang serumpun. Data ingkang kalebet jinis alih kode punika inggih punika data nomer (4). Pirembaganipun dipunrembag wonten ngandhap punika.

Data (4): *Bangun jiwanya, bangun raganya sentausa dalam puspa warna.*

We are from Jogja, the heart of Java, our rhyme is mantra flows down like lava. (Song of Sabdatama; 5-6)

‘Dipunbangun jiwa saha raganipun saengga kados werni sekar ingkang maneka warni saha endah.

Kawula sedaya saking Jogjakarta pusatipun tanah Jawi, sajak tembang kawula inggih punika mantra ingkang mili kados lava.’

Data alih kode (4) wonten nginggil dipunginakaken wonten perangan cakepan tembang *Song of Sabdatama* anggitanipun JHF *bait* saking gangsal dumugi nem. Saking perangan data punika katingal bilih wonten ewahipun basa

saking basa Indonesia dhateng basa Inggris. Wiwitanipun panganggit migunakaken basa Indonesia wonten perangan cakepan tembang ingkang dipunlajengaken ngangge basa Inggris. Ancasipun panganggenipun *variasi* basa punika kange supados tembang langkung dipunmangertosi wosipun kaliyan masyarakat wiyar dumugi manca nagari.

Data (4) wonten nginggil punika ingkang dipunsebat prastawa basa alih kode *ekstern* saking basa Indonesia dhateng basa Inggris amargi ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Inggris. Ancasipun panganggenipun *variasi* basa punika bilih panganggit badhe ningalaken kawruhipun, gayutipun *hook/reff* tembang, saha ancas supados dipunmangertosi masyarakat wiyar dumugi manca wosipun tembang punika.

2. Faktor Ingkang Ndayani Alih Kode Wonten Tembang Hip-Hop Jawi Anggitanipun Jogja Hip-Hop Foundation

Alih kode ingkang kadadosan wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation dipunsebabaken maneka warni faktor. Salah satunggaling faktor alih kode inggih punika prastawa basa ingkang dipunsebabaken kaliyan faktor-faktor sawedalipun basa, mliginipun faktor-faktor ingkang asifat *sosio-situasional*. Kange nemtokaken maneka warni faktor ingkang ndayani kadadosan alih kode wonten ing panaliten punika, dipunginakaken kanthi dhasar tuturanipun ingkang dipunginakaken dening penutur. Tegesipun kange nemtokaken faktor ingkang ndayani prastawa alih kode kanthi nganalisis *teks* tuturan ingkang dipungayutakenn kaliyan konteks kawontenan/ situasi saking tuturan salebetipun prastawa kasebat. Katitik saking

dhasar pirembagan punika, saengga kangge nemtokaken faktor ingkang ndayani kadadosan alih kode salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-Hop Foundation dipunlakokaken kanthi nganalisis teks cakepan tuturanipun ingkang dipunginakaken. Kalajengaken saking teks cakepan tuturan punika dipungayutakenn kaliyan kawontenan ingkang wonten salebetipun tembang hip-hop.

Asilipun panaliten punika manggihaken faktor-faktor ingkang ndayani kadadosan alih kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation inggih punika; (1) ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung *variatif*, (2) Gayutipun *reff/ hook* tembang, (3) gayutipun ukara wonten ngajengipun (*translate Inggris-Jawi*), (4) gayutipun *basa-basi* utawi *ungkapan*, saha (5) saweg sandiwara.

a. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & langkung gumyak

Panaliten punika manggihaken maneka warni faktor ingkang ndayani alih kode. Salah satunggalipun inggih punika faktor ancas tartamtu utawi ingkang dipunkajengaken dening penutur piyambak. Faktor ingkang ndayani alih kode punika jumbuh kaliyan pamanggihipun Poedjosoedarmo (2001: 23) ingkang ngandharaken bilih faktor ingkang ndayani alih kode salah satunggalipun inggih punika amargi ancas-ancas tartamtu. Data penelitian ingkang jumbuh kaliyan faktor sebab salah satunggalipun karembag wonten tuladha ngandhap punika.

Data (1) : *We are from Jogja, the heart of Java, our culture is weapon. Yeah, this Song of Sabdatama.*

Merapi ya iku, keraton ya iku, pancer ing tugu mijil tuwuhan saka kono dumunungku. Ya, Ngayogyakarta hadiningrat negeriku. (*Song of Sabdatama; bait 1-2*)

‘Kawula sedaya saking Jogjakarta pusatipun tanah Jawi, sajak tembang kawula inggih punika mantra ingkang mili kados lava.
Merapi, kraton, panceripun tugu mijil tuwuhan saking Ngayogyakarta hadiningrat negeri kawula ngagesang.’

Data alih kode (1) punika kapundhut saking tembang kanthi irah-irahan *Song of Sabdatama bait* ingkang kaping setunggal saha kaping kalih. Data wonten nginggil katingal bilih basa ingkang dipunginakaken wiwitanipun migunakaken basa inggris ingkang kalajengaken migunakaken basa Jawi. Katrangan saking ewahipun basa data panaliten punika dipungayutakenn kaliyan kawontenan tembang sakpunika ingkang modern ingkang langkung dipunremeni masyarakat saha ancas ingkang dipunkajengaken panganggit bilih tembang ingkang dipunanggit punika langkung dipunmangertosi maksud saha ancasipun dening masyarakat ingkang wiyar ugi dumugi manca nagari.

Ancasipun panganggit ingkang salajengipun inggih punika basa ingkang dipunginakaken salebetipun cakepan-cakepan tembang langkung gumyak saha maneka warni basa. Kanthi panganggenipun maneka warni basa punika ningalaken ugi bilih panganggit gadhah kawruh basa ingkang sae amargi saged migunakaken basa sanesipun ingkang dipungayutakenn basa padintenan ingkang tegesipun boten utawi medal saking topik ingkang dipunngendikakaken salebetipun cakepan tembang. Dados salebetipun satunggal tembang migunakaken maneka warni basa ananging taksih wonten setunggal pirembagan ingkang

sinambetan. Saha ancas salajengipun inggih punika supados tetembangan punika langkung gumyak saengga kathah para pamireng mliginipunkawula mudha langkung remen tembang punika.

b. Langkung kepenak dipunmirengaken (gayutipun guru lagu) saha paring raos semangat

Faktor ingkang dipunpanggihaken kaping kalih inggih punika supados langkung kepenak dipunmirengaken (gayutipun guru lagu) saha paring raos semangat ingkang karembag kados tuladha data ngandap punika.

Data (13) :*Jogja, Jogja, Jogja istimewa untuk Indonesia.*

Tambur wis ditabuh, suling wis muni. (Jogja Istimewa; 3-4)

‘Jogjakarta istimewa kangge Indonesia. Tambur sampun dipuntabuh, suling sampun mungel.’

Data alih kode (13) punika dipunpundhut saking perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Song of Sabdatama bait* kaping tiga dumugi sekawan. Saking data panaliten punika katingal bilih wonten ewahipun basa ingkang dipunangge inggih punika saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. Tetembungan ingkang dipunangge punika dipunancasaken supados antawisipun morfem pungkasan antawisipun tembung setunggal saha sanesipun supados langkung serasi, saengga langkung kepenak menawi dipunmirengaken.

Kajawi langkung kepenak dipunmirengaken, ugi tetembungan ingkang dipunangge salebetipun cakepan, ugi dipunancasaken supados saged paring raos semangat dhumateng pamirengimpun mliginipun kawula mudha supados langkung remen saha bangga kaliyan wilayah Yogyakarta.

c. Gayutipun *hook/ reff tembang*

Faktor ingkang ndayani ingkang kaping tiga wonten panaliten punika ingkang dipunpanggihaken inggih punika raos adaptasi (*menyesuaikan diri*) ingkang wonten data panaliten punika ingkang raos njumbuhaken gayutipun *hook/ reff* tembang. *Hook/ reff* tembang punika wonten tembang *modern* dipuntegesaken perangan cakepan tembang ingkang dados cirinipun tembang utawi ingkang langkung gampil dipunemut-emut ukaranipun. Faktor sebab alih kode punika jumbuh kaliyan pamangguhipun Poedjasoedarmo (2001: 23) ingkang ngandharaken salah satunggalipun faktor ingkang ndayani alih kode inggih punika raos pengen njumbuhaken (*menyesuaikan diri*). Data panaliten ingkang ningalaken faktor sebab alih kode ingkangh karembag wonten nginggil kados wonten tuladha data ing ngandhap punika.

Data (2): Ditohi pecahing dhadha luntaking ludira nganti pati, negeri mardika bakal tak belani.

We are from Jogja, central of Java, our rhyme is mantra, flows down like lava. (*Song of Sabdatama; bait 3-4*)

‘Dipunbelani ngantos pecahipun dhadha, telasipun getih dumugi seda nagari ingkang mardika bakal kula bela.

Kawula sedaya saking Jogjakarta pusatipun tanah Jawi, sajak tembang kawula inggih punika mantra ingkang mili kados lava.’

Data alih kode (2) punika dipunpanggihaken saking cakepan tembang kanthi irah-irahan *Song of Sabdatama bait* ingkang kaping tiga dumugi sekawan. Saking data panaliten punika katingal wonten ewahipun basa ingkang dipunginakaken wiwitanipun panganggit migunakaken basa Jawi ingkang kalajengaken kanthi basa Inggris. Katrangan saking ewahipun basa dipunika dipungayutakenn kaliyan raos penganggit ingkang badhe njumbuhaken babagan

hook-hook utawi *reff* tembang ingkang saking wiwitanipun *hook* tembang ingkang dipunginakaken migunakaken ukara basa Inggris (*We are from Jogja, central of Java, our rhyme is mantra, flows down like lava*). *Hook* punika ingkang dados cirinipun tembang kanthi irah-irahan *Song of Sabdatama*, semonten ugi tembang sanesipun wontenten *hook-ipun* piyambak-piyambak.

Saking pirembagan wonten nginggil katingal bilih ingkang dados faktor ingkang ndayani alih kode salebetipun tembang hip-hop Jawi inggih punika raos pengen njumbuhaken. Wonten punika, njumbuhaken gayutipun salah satunggalipun perangan ingkang awrat wonten tembang modern inggih punika *hook/reff* tembang.

d. Gayutipun ukara wonten ngajengipun (*translate Inggris-Jawi*)

Asiling panaliten faktor ingkang ndayani alih kode wonten salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF inggih punika wontenipun *translate* basa. *Translate* basa punika kalebet pirembagan ingkang wonten gayutipun kaliyan kalih ukara. Biasanipun ukara ingkang wiwitan minangka basa *terjemahan* saking ukara ngajengipun. Faktor ingkang ndayani alih kode punika jumbuh kaliyan pamanggihipun Poedjasoedarmo ugi (2001: 23) ingkang ngandaraken salah satunggalipun faktor sebaipun alih kode inggih punika gayutipun ukara wonten ngajengipun. Data panaliten ingkang dados tuladha faktor sebaipun alih kode ingkang karembag won nginggil karembag wonten ngandhap punika.

Data (6) : *Why religion if only to kill humanity?*

Nggo apa agama nek mung mateni? (*Song of Sabdatama; bait 7*)

‘Kangge punapa agama bilih namung kangge mejahi?’

Data alih kode (6) punika dipunpundhut saking perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Song of Sabdatama bait* kaping pitu. Saking data panaliten punika katingal bilih basa ingkang dipuginakaken wiwitanipun migunakaken basa Inggris ingkang ukara salajengipun migunakaken basa Jawi. Katrangan saking data punika dipungayutakenn antawisipun ukara wiwitan kaliyan ukara salajengipun. Wonten punika katingal bilih ukara ingkang kaping kalih punika minangka terjemahan saking ukara sangajengipun. Kalih ukara punika dipunangge kaliyan panganggit kanthi ancas bilih panganggit badhe langkung ngandharaken kanthi jelas ukara utawi *ungkapan* basa Inggris punika wonten ing basa Jawi minangka basa aslinipun panganggit.

Saking pirembagan wonten nginggil katingal bilih salah satunggalipun faktor ingkang ndayani alih kode ingkang wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF inggih punika wonten gayutipun ukara sangajengipun. Wonten punika gayutipun ukara sangajengipun punika arupi terjemahan basa ingkang dipunangge dening panganggit kanthi ancas langkung ngandharaken basa *Ungkapan* Basa inggri wonten ing basa Jawi minangka basa aslinipun.

e. ***Gayutipun basa-basi saha ungkapan***

Faktor ingkang ndayani ingkang dipunpanggihaken salajengipun inggih punika gayutipun *basa-basi* saha *ungkapan*. *Basa-basi* utawi *ungkapan* punika biasanipun tuwuhan ngrembaka wonten daerah tartamtu ugi migunakaken basa daerahipun piyambak-piyambak kalawau, saengga wonten panganggenipun ugi

asrep migunakaken basa aslinipun utawi kanthi basa terjemahan ananging maksudipun sami kaliyan *ungkapan* basa aslinipun. Punika ugi dipunpanggihaken wonten cakepan tembang ingkang dipunginakaken salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF. Faktor gayutipun *basa-basi* saha *ungkapan* punika ugi jumbuh kaliyan pamanggihipun Poedjasoedarmo (2001:23) ingkang ngandharaken bilih salah satunggalipun faktor alih kode inggih punika gayutipun *basa-basi* saha *ungkapan*. Data ingkang ningalaken fator kados mekaten inggih punika wonten ing tuladha data ing ngandhap punika.

Data (14) : Mukti utawa mati manunggal kawula Gusti.

Menyerang tanpa pasukan, menang tanpa merendahkan, kesaktian tanpa ajian. (*Jogja Istimewa; bait 4*)

‘Mukti utawi pejah manunggal kawula Gusti.

Nglurug tanpa bala, menang tanpa ngasorake, digdaya tanpa aji.’

Data alih kode (14) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jogja Istimewa bait* kaping sekawan. Saking data wonten nginggil katingal bilih panganggit wiwitanipun migunakaken basa Jawi ingkang dipunlajengaken migunakaken basa Indonesia. Babagan basa Indonesia punika sajatosipun unen-unen utawi *ungkapan* saking basa Jawi ingkang dipunbasakaken Indonesia kaliyan panganggit ancasipun inggih punika tasih wonten gayutipun faktor ingkang ndayani alih kode ingkan kaping pisan inggih punika supados langkung dipunmangertosi wosipun tembang dening masyarakat wiyar. Panganggit ugi gadhah ancas bilih *ungkapan* basa Jawi punika langkung dipunmangertosi ancasipun ingkang kasirat wonten salebetipun *ungkapan* punika. Katrangan saking

data punika dipungayutakenn kaliyan panganggenipun *basa-basi* saha *ungkapan* basa Jawi ingkang dipunterjemahkaken wonten ing basa Indonesia.

Saking pirembagan wonten nginggil katingal bilih salah satunggalipun faktor ingkang ndayani alih kode ingkang wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF inggih punika gayutipun *basa-basi* saha *ungkapan* ingkang dipunginakaken. Wonten punika *basa-basi* saha *ungkapan* ugi dipunterjemahkaken kangge ancas supados dipunmangertosi masyarakat wiyar.

f. Saweg sandiwara

Aslining panaliten faktor ingkang ndayani alih kode inggih punika saweg sandiwara utawi niru suwanten saha ngendikanipun tiyang sanes. Nalika nembe sandiwara utawi niru suwanten sanes kedah sami kaliyan ingkang dipuntiru. Punika ugi wonten salebetipun cakepan tembang hip-hop Jawi ingkang dipunginakaken kaliyan panganggit. Faktor punika jumbuh kaliyan pamanggihipun Poedjasoedarmo (2001: 23) ingkang ngandharaken salah satunggalipun alih kode inggih punika saweg sandiwara. Data ingkang ningalaken faktor ingkang ndayani kadog ingkang karembag inggih punbika kados wonten tuladha data wonten ngandap punika.

Data (32) : Kabeh digledah nek ana sing nyolong wadi, polisi muni; '*Anda telah berbuat royal, itu artinya anda sudah melanggar moral.*' (Ora Cucul ora Ngebul; 4)

‘Sedaya dipungledah mbok bilih samangkih wonten ingkang nyolong wadi, lajeng polisi ngendika; “Panjenengan sampun tumindak royal, punika tegesipun panjenengan sampun nglanggar moral.”

Data alih kode (32) punika dipunpundhut saking perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan Ora Cucul Ora Ngebul *bait* kaping sekawan. Saking data nginggil katingal bilih wiwitanipun panganggit migunakaken basa Jawi ingkang kalajengaken basa Indonesia. Katrangan data dipungayutakenn kaliyan kawontenannipun bilih panganggit saweg sandiwara niru ngendikanipun polisi ingkang migunakaken basa Indonesia saengga salebetipun cakepan tembang ugi wonten ingkang migunakaken basa Jawi ukaranipun sami ingkang dipunngendikakaken polisi kalawau.

Saking pirembagan wonten nginggil katingal bilih faktor sebaipun alih kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF ingkang salajengipun inggih punika saweg sandiwara. Wonten punika sandiwara ingkang niru ngendikanipun priyantun sanes ingkang dipunginakaken salebetipun cakepan tembang.

3. Jinis-Jinis Campur Kode wonten ing Tembang Hip-Hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation.

Asiling wonten ing panaliten punika kajawi jinis alih kode ugi manggihaken jinisipun campur kode ingkang wonten ing salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation. Campur kode inggih punika prastawa campuripun kalih basa utawi langkung, utawi ragam basa wonten salah satunggal masyarakat penutur tanpa sengaja utawi kabiasan, ingkang panganggenipun kawates saking perangan *ungkapan/ idiom* kemawon utawi boten saged madeg dados ukara piyambak. Pamanggih kula babagan pangertosan alih kode punika jumbuh kaliyan pamanggihipun Chaer saha Agustina (2004:114)

ingkang ngandharaken bilih campur kode inggih punika panganggenipun kalih basa utawi langkung, utawi kalih varian saking setunggal basa ingkang wonten lebetipun satunggal masyarakat tutur. Ugi saking pamanggihipun Fasold (salebetipun Chaer saha Agustina, 2004: 115) ingkang ngandharaken bilih priyantun ngginakaken setunggal tembung utawi frase saking satunggal basa, piyambakipun sampun nglakokaken campur kode. Ananging bilih satunggal klausa, jelas punika gadhah struktur gramatikal satunggal basa saengga punika dipunsebat alih kode.

Jinisipun alih kode ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika katitik saking dasar teorinipun Soewito (1983: 76) ingkang ngandharaken wonten kalih jinis campur kode inggih punika campur kode *ke dalam* saha alih kode *ke luar*. Kajawi pamanggihipun Soewito ugi migunakaken pamanggihipun Jendra (1991: 132) ingkang ngandharaken bilih jinis campur kode boten naming kalih, ananging wonten tigang jinis inggih punika ingkang kaping tiga campur kode *campuran*. Bilih wujudipun campur kode katitik saking *unsur-unsur* basanipun ingkang *terlibat* wonten lebetipun, Chaer (1983: 78) merang wujud campur kode dados 5 wujud penyisipan unsur-unsur basa, inggih punika; tembung, *frasa*, *baster*, *perulangan kata*, saha *ungkapan* utawi *idiom*.

a) *Campur kode ke dalam (inner code-mixing)*

Campur kode *ke dalam* inggih punika campur kode ingkang sumberipun saking basa asli kanthi variasinipun. Dipunsebat *intern* bilih antawisipun basa sumber kaliyan basa sasaran tasih gadhah sesambutan krabat kanthi geografis saha

geanologis. Basa satunggal kaliyan sanesipun minangka bageyan-bageyan saengga sesambutan antawisipun basa punika asifat *vertical*.

Campur kode *ke dalam* ingkang kadadosan wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF sumberipun saking basa Jawi, basa Indonesia, basa Betawi, saha basa Sunda. Basa Jawi wonten punika boten migunakaken ragam basa Jawi amargi sedanten basa Jawi ingkang dipunginakaken salebetipun cakepan namung ragam basa ngoko. Amargi basa ngoko punika dipunraos langkung dipunmangertosi masyarakat umumipun. Wonten ngandhap punika jinis campur kode *ke dalam* wonten salebetipun tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF katitik saking dasar unsur basanipun. Wujudipun jumbuh kaliyan pamanggihipun Chaer (1983: 78) inggih punika; tembung, *frasa*, *baster*, *perulangan kata*, saha *ungkapan* utawi *idiom*.

1) Campur kode *ke dalam* ingkang awujud tembung

Cakepan-cakepan tembang hip-hop Jawi, migunakaken maneka warni basa. Saking maneka warni basa punika ugi maneka warni panganggenipun, wonten ingkang arupi penyisipan antawisipun ukara ugi ingkang arupi basa ingkang madeg dados ukara piyambak. Unsur basa ingkang kaping setunggal inggih punika tembung ingkang mlebet/ nyisip salebetipun ukara ingkang migunakaken basa sanesipun. Data ingkang ningalaken prastawa basa campur kode *ke dalam* ingkang awujud tembung karembag wonten ngandhap punika.

Data (15) : “Ana kancaku sing kepengen dadi artis.” (*Jula-juli Lollipop*; 4)

Wonten kanca kula ingkang kepengen dados artis.

Data campur kode (15) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping sekawan. Saking data punika katingal bilih wonten perangan tembung basa Indonesia ingkang kalebet/ nyisip wonten ing ukara Basa Jawi. Panganggenipun tembung punika amargi wonten basa Jawi boten wonten tembung ingkang sami tegesipun. Kadadosan nyisipipun tembung basa Indonesia salebetipun ukara basa Jawi punika ingkang dipunsebat campur kode *ke dalam* ingkang awujud tembung amargi antawisipun basa Jawi kaliyan basa Indonesia taksih kasebat basa ingkang *serumpun*.

2) Campur kode *ke dalam* ingkang awujud *frasa*

Unsur basa kaping kalih ingkang dados asiling panaliten campur kode *ke dalam* inggih punika awujud *frasa*. Salebetipun cakepan-cakepan tembang dipunpanggihaken sisipan basa tartamtu ingkang mlebet wonten salebetipun ukara basa sanesipun, mekaten ugi *frasa* basa tartamtu mlebet utawi nyisip salebetipun ukara ingkang benten basanipun. Data ingkang ningalaken prastawa ingkang karembag, wonten ing tuladha data ngandhap punika.

Data (56) : “*Politik saiki cen seneng **main belakang**, jabane resik jebul jerone selingkuhan.*” (Ora Cucul ora Ngebul; 6)

Politik sakmenika panci remen lewat jalur wingking, medalipun sae ananging sanyatanipun lebetipun selingkuhan.

Data campur kode (56) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan Ora Cucul Ora Ngebul bait ingkang kaping nem. Saking data wonten nginggil katingal bilih wontenipun farse basa Indonesia ingkang dipunangge salebetipun ukara basa Jawi wonten cakepan tembang. Punika ancasipun bilih

frase ingkang dipunangge punika langkung gampil dipuntampi ugi dipunemut-emut. Prastawa panganggenipun *frasa* basa Indonesia salebetipun ukara basa Jawi punika ingkang dipunsebat campur kode *ke dalam* ingkang awujud *frasa* amargi antawisipun basa Indonesia saha basa Jawi tasih basa ingkang *serumpun*.

3) Campur kode *ke dalam* ingkang awujud *baster*

Jinis campur kode *ke dalam* ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika inggih punika ingkang awujud *baster*. Panganggenipun *baster* ugi dipunpanggihaken salebetipun cakepan-cakepan tembang ingkang dipuntliti punika. Data ingkang dados tuladha panganggenipun *baster* basa tartamtu salebetipun ukara ingkang sanes kados wonten ngandhap punika.

Data (11) : “Seni ra penting sing penting entuk duite, *inspirasine* wis ilang dipendhem mati.” (*Jula-juli Lollipop; bait 2*)

Seninipun boten penting ingkang dados ancas artanipun kemawon, inspirasinipun sampun ilang dipunpendhem kados seda.

Data campur kode (11) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping kalih. Saking tuladha data wonten nginggil katingal bilih wonten *baster* basa Indonesia saking tembung *inspirasi* ingkang dipunwuwuhi panambang basa Jawi (-ne) salebetipun ukara basa Jawi. Ancasipun inggih punikaamargi boten winatesipun tembung saha gayutipun *variasi* basa cakepan. Prastawa tembung *baster* basa Indonesia salebetipun ukara basa Jawi punika ingkang dipunsebat campur kode *ke dalam* ingkang awujud *baster*, amargi antawisipun basa tasih kalebet basa ingkang *serumpun*.

4) Campur kode *ke dalam* ingkang awujud *kata ulang* (dwilingga)

Asilipun panaliten babagan pirembagan campur kode *ke dalam* wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF ingkang salajengipun inggih punika ingkang arupi *kata ulang*, wonten punika dipunpanggihaken ingkang arupi dwilingga. *Kata ulang* wonten punika saking basa tartamtu dipunsisipaken salebetipun ukara ingkang benten. Tuladha data ingkang dados pirembagan kados wonten ngandhap punika.

Data (17) : “Banjur tingkah polahe sing *manis-manis*.” (*Jula-juli Lollipop; bait 4*)

Lajeng polahipun bocah kalawau ingkang becik-becik.

Data campur kode (17) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping sekawan. Saking data punika katingal bilih wonten panganggenipun *kata ulang* basa Indonesia ingkang dipunlebetaken wonten ukara basa Jawi. Ancasipun amargi dwilingga basa Indonesia punika langkung gampil dipunmangertosi maksudipun ugi gampil dipunenget-enget. Prastawa nyisipipun tembung dwilingga basa Indonesia salebetipun ukara basa Jawi punika ingkang dipunsebat campur kode *ke dalam* ingkang awujud *kata ulang* (dwilingga) amargi antawisipun basa ingkang dipunangge tasih kalebet basa ingkang *serumpun*.

5) Campur kode *ke dalam* ingkang awujud *idiom/ ungkapan*

Jinis campur kode *ke dalam* pungkasan ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika inggih punika ingkang awujud *idiom* utawi *ungkapan*. Panganggenipun *ungkapan* basa tartamtu wonten salebetipun basa ingkang benten

ugi dipunpanggihaken. Tuladha data ingkang dados pirembagan jinis campur kode *ke dalam* wonten ngandhap punika.

Data (18) : “Seni saiki nuruti pasar sing mlaku, dadi bakulan *asal tahu sama tahu.*” (*Jula-juli Lollipop; bait 4*)

Seni jaman sakpunika nuruti pararan ingkang mlampah, dados bakulan punika asal sami-sami mangertos ancasipun.

Data campur kode (18) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping sekawan. Saking data punika katingal bilih wonten *ungkapan* basa Indonesia ingkang dipunginakaken salebetipun ukara basa Jawi. Punika ancasipun bilih *ungkapan* sampun langkung dipuntepang masyarakat ingkang wiyar. Prastawa panganggenipun *ungkapan/ idiom* basa Indonesia salebetipun ukara basa Jawi punika ingkang dipunsebat campur kode *ke dalam* ingkang arupi *ungkapan* utawi *idiom* amargi antawisipun basa punika tasih serumpun.

b) Campur kode *ke luar* (outer code-mixing)

Campur kode *ke luar* inggih punika campur kode ingkang asalipun saking basa asing utawi manca, saged dipunjelakaken basa asli ingkang kacampur kaliyan basa asing/ manca. Dipunsebat *ekstern* bilih antawisipun basa sumber kaliyan basa sasaran boten gadhah sesambutan krabat saha *geografis, geanologis* utawi *intelektualitas* ingkang inggil. Kanthi mekaten sesambutan campur kode tipe punika *keasingan* antawisipun basa ingkang dipunangge.

Panaliten punika wonten cakepan tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation manggihaken basa sumberipun saking basa Indonesia, basa Inggris, basa Arab, saha basa Cina. Wonten ngandhap punika asilipun panaliten jinis campur kode *ke luar* ingkang dipunpanggihaken arupi tembung, *frasa*, saha *baster*.

1) Campur kode *ke luar* ingkang awujud tembung

Jinis campur kode *ke luar* ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika ingkang wiwitan inggih punika ingkang awujud tembung. Wonten tetembungan saking basa manca ingkang dipunginakaken wonten salebetipun ukara cakepan tembang. Tuladha data ingkang dados pirembagan jinis punika wonten data ngandhap punika.

Data (4) : “*Tanah lahirkan tahta, tahta untuk rakyat, dimana rajanya bersemi di galbu rakyat.*’ (Jogja Istimewa; 2)

Siti nglahiraken tahta kangge rakyat ingkang wonten ngriku rajaipun tuwuhan wonten manahipun rakyat.

Data campur kode (4) punika saking perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jogja Istimewa bait* ingkang kaping kalih. Saking data punika katingal bilih wontenipun tembung saking basa Arab ingkang dipunangge salebetipun wonten ing ukara basa Indonesia. Ancasipun punika gayutipun *variasi* basa ingkang dipunangge salebetipun cakepan tembang. Prastawa wontenipun tembung basa Arab wionten ing ukara basa Indonesia punika ingkang dipunsebat alih kode *ke luar* ingkang awujud tembung, amargi antawisipun basa Indonesia saha basa Arab boten basa ingkang *serumpun*.

2) Campur kode *ke luar* ingkang awujud *frasa*

Asilipun panaliten manggihaken jinis campur kode *ke luar* ingkang kaping kalih inggih punika ingkang awujud *frasa*. *Frasa-frasa* saking basa manca ugi dipunangge salebetipun cakepan-cakepan ingkang awujud ukara sanesipun basa *frasa* kalawau. Data ingkang dados tuladha pirembagan jinis punika kados wonten ngandhap punika.

Data (58) : “Nganggo tank-top mlaku ning pasar Bantul, sangu kates, katese mentul-mentul.” (Ora Cucul ora Ngebul; 6)

Ngagem kutang mlampah wonten ing pasar Bantul sinambi sangu kates, katesipun mentul-mentul.

Data campur kode (58) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan Ora Cucul Ora Ngebul *bait* kaping nem. Saking tuladha data wonten nginggil katingal bilih wonten *frasa* saking basa Inggris ingkang dipunangge salebetipun ukara basa Jawi. Ancasipun inggih punika gayutipun *variasi* basa ingkang dipunangge salebetipun cakepan tembang. Prastawa wontenipun frase basa Inggris salebetipun ukara basa Jawi punika ingkang dipunsebat campur kode *ke luar* ingkang awujud *frasa*, amargi antawisipun basa Jawi saha Inggris punika boten basa ingkang serumpun.

c) *Campur kode campuran*

Jinis campur kode ingkang kaping tiga miturut Jendra inggih punika campur kode campuran. Campur kode campuran inggih punika unsur serapan ingkang dipuntampi kaliyan basa *penyerap* kanthi kalih *pembagian* kadosta *ke*

luar saha ke dalam sedanten dipunlaksanakaken (Jendra, 1991: 132). Kadosta wonten salebetipun basa Jawi ugi migunakaken tembung utawi frase saking basa Indonesia saha Inggris.

Campur kode campuran ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika basa asalipun saking basa Jawi, basa Indonesia, saha Basa Inggris. Wujudipun ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika inggih punika arupi tembung-*baster* saha *frasa-baster* salebetipun ukara.

1) Campur kode campuran ingkang awujud tembung-*baster*

Panaliten punika manggihaken maneka warni basa ingkang dipunangge salebetipun ukara cakepan tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF. Pirembagan ingkang kaping pisan inggih punika ingkang awujud tembung saha *baster* ingkang migunakaken benten basa salebetipun ukara ingkang basanipun sanes saking tembung saha *baster* kalawau. Data ingkang ningalaken kadadosan prastawa punika kados wonten tuladha data ngandhap punika.

Data (10) : “Kepengen ***beken***, pengen dadi ***ngetop***, karyane laris tur senine mati.”
(*Jula-juli Lollipop; bait 1*)

Amargi kepengen beken saha ngetop saengga anggitanipun laris ananging seninipun pejah.

Data campur kode (10) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping setunggal. Saking data punika katingal bilih salebetipun ukara basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten tembung saking basa Indonesia (*beken*) saha *baster* saking basa Inggris (*ngetop*)

ingkang dipunangge salebetipun ukara kalawau. Ancasipun gayutipun *variasi* basa ingkang dipunangge salebetipun ukara saha tembung ingkang langkung gampil dipunenget-enget. Prastawa punika ingkang dipunsebat campur kode campuran ingkang awujud tembung basa saha *baster*, amargi basa ingkang dipuginakajen wonten ingkang serumpun antawisipun basa Jawi saha Indonesia (tembung) ugi wonten ingkang boten serumpun antawisipun basa Jawi saha basa Indonesia (*baster*) salebetipun setunggal ukara.

2) Campur kode campuran ingkang awujud *frasa-baster*

Panganggenipun maneka warni basa wonten salebetipun setunggal basa ingkang boten sami wonten panaliten punika ingkang dipunpanggihaken inggih punika ingkang awujud *frasa-baster*. Wonten salebetipun setunggal ukara tartamtu dipunpanggihaken panganggenipun *frasa* saha *baster* ingkang sanes basanipun. Data ingkang ningalaken prastawa punika karembang wonten tuladha data ngandhap punika.

Data (14) : “Sing dituju ***nilai rupiah*** lan ***dollare***, golek cara ben payu laris dagangane.” (*Jula-juli Lollipop*; bait 2)

Ingkang dipunancasaken inggih punika kathahipun rupiyah saha dolaripun, saengga pados sedaya cara daganganipun pajeng laris.

Data campur kode (14) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan Jula-juli Lollipop bait ingkang kaping kalih. Saking data punika katingal salebetipun ukara basa Jawi wonten *frasa* saking basa Indonesia saha *baster* saking basa Inggris ingkang dipunlebetaken wonten ukara kalawau. Prastawa punika ingkang dipunsebat campur kode campuran ingkang awujud *frasa* saha

baster, amargi sedaya basa ingkang dipunangge wonten ingkang serumpun antawisipun basa Jawi saha Indonesia (*frasa*) ugi boten ingkang serumpun antawisipun basa Jawi saha Inggris (*baster*) wonten ing setunggal ukara.

4. Faktor Ingkang Ndayani Campur Kode Wonten Tembang Hip-Hop Jawi Anggitanipun Jogja Hip-Hop Foundation

Masyarakat wonten jaman globalisasi punika umumipun nguwaosi langkung saking kalih jinis basa ingkang dipunsebat masyarakat bilingual utawi multilingual. Penutur (panganggit) salebetipun ngripta cakepan-cakepan tembang sampun nglakokaken prastawa campur kode ingkang *ke dalam, ke luar*, saha campuran. Kangge nemtokaken faktor ingkang ndayani kadadosan campur kode katitik saking dhasar tuturanipun salebetipun cakepan tembang ingkang dipunangge, maksudipun kangee nemtokaken faktor-faktor sebab kadadosan campur kode kanthi cara nganalisis tuturan kasebat kalajengaken dipunjumbuhaken dening kawontenan utawi konteks tuturan.

Kangge nemtokaken faktor ingkang ndayani campur kode dipunperang dados kalih kategori inggih punika ingkang *berlatar belakang* saking penutur saha saking basanipun piyambak. Sedaya faktor ingkang ndayani campur kode ingkang dipunpanggihaken wonten pirembagan dipunkelompokaken salebetipun kalih kategori kalawau. Kangge nemtokaken faktor ingkang ndayani campur kode supados saged paham saha nyimpulaken teks tuturan wonten ing cakepan tembang kanthi cara nyambetaken teks tuturan kaliyan konteks ingkang kadadosan wonten ing teks tuturan kasebat.

Asilipun panaliten punika manggihaken faktor-faktor ingkang ndayani kadadosan campur kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation inggih punika ingkang *berlatar belakang* saking penutur inggih punika kange ningalaken kawruhipun panganggit, nepangaken basa utawi budaya enggal, saweg sandiwara njumbuhaken kawontenan saha ancas tartantu (pisuhan), bilih ingkang *berlatar belakang* saking basa inggih punika winatesipun tembung, basa utawi tembung gampil dipunemut-emut, saha gayutipun *variasi* basa cakepan tembang.

a. *Berlatar belakang* penutur

Faktor ingkang ndayani campur kode dados kalih, salah satunggalipun inggih punika ingkang *berlatar belakang* penutur. Penutur minangka sumberipun basa ingkang dipunginakaken, saengga minangka faktor ingkang awrat sanget. Asilipun faktor ingkang ndayani campur kode ingkang *berlatar belakang* saking penutur inggih punika kados wonten pirembagan ngandhap punika.

1) Penutur/ panganggit ningalaken kawruhipun

Asilipun panaliten babagan pirembagan faktor ingkang ndayani campur kode ingkang sumberipun saking penutur inggih punika badhe ningalaken kawruhipun. Panganggit/ penutur badhe ningalaken kawruhipun babagan basa-basa ingkang dipunkuwaosi saha *istilah/* basa *ungkapan* kanthi media cakepan-cakepan tembang ingkang dipunanggit. Kathah tetembungan utawi istilah ingkang dipunlebetaken wonten ing ukara-ukara salebetipun cakepan tembang. Data

ingkang dados tuladha pirembagan penutur ningalaken kawruhipun punika kados wonten ngandhap punika.

Data (18) : “Seni saiki nuruti pasar sing mlaku, dadi bakulan asal tahu sama tahu.” (*Jula-juli Lollipop; bait 4*)

Seni jaman sakpunika nuruti pasaran ingkang mlampah, dados bakulan punika asal sami-sami mangertos ancasipun.

Data campur kode (18) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping sekawan. Saking data punika katingal wonten istilah saking basa Indonesia ingkang dipunlebetaken wonten ing ukara basa Jawi. Ukara punika dipungayutakenn kaliyan kawontenan ingkang dados inspirasinipun panganggit bilih sanyatanipun wonten pagesangan babagan kadadosan ingkang kados istilah basa Indonesia kalawau sanyatanipun wonten ugi sansaya ngrembaka. Panganggit miguanakaken istilah punika amargi sampun mangertosi makna ingkang kandut wonten istilah ‘*asal tahu sama tahu*’ inggih punika ancas ingkang dipunkajengaken kaliyan bakul kalawau sami-sami paham. Punika salah satunggalipun bukti bilih panganggit gadhah kawruh babagan *istilah-istilah* basa ingkang asring dipunangge salebetipun perkawis bakulan utawi *dagang*.

2) Nepangaken basa utawi budaya enggal

Faktor ingkang ndayani campur kode sumberipun saking penutur ingkang dipunpanggihaken kaping kalih inggih punika nepangaken basa utawi budaya enggal. Panganggit migunakaken basa ingkang maneka warni jinisipun supados tetembungan utawi basa punika dipuntepang kaliyan masyarakat. Data

ingkang dados pirembagan ababagn punika kados wonten tuladha data ngandhap punika.

Data (9) : “Ngemut permen, permen *lollipop*, bunder tur gepeng rasane legi.”
(Jula-juli Lollipop; 1)

Dahar permen lollipop, rupanipun bunder gepeng rasanipun manis.

Data campur kode (9) punika perangan cakepan tembang ingkang irah-irahanipun *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping setunggal. Saking tuladha data punika katingal bilih penutur/ panganggit badhe nepanganken tembung enggal saking basa manca mliginipun Inggris inggih punika ‘*lollipop*’ ingkang tegesipun tembung punika dipunginakaken wonten tetembungan salajengipun. Tembung punika dipungayutaken kaliyan kawontenan kasunyatan bilih sakmenika wonten maneka warni jinis dhaharan, saben dhaharan niku piyambak gadhah nama saking daerah asalipun kados tembung ingkang dipunginakaken wonten perangan kaepan tembang punika. Dados, panganggit ngajengaken bilih tiyang ingkang mireng tembung kanthi jalaran tembang punika mangertos teges saking tembung ‘*lollipop*’ inggih punika jinis permen ingkang bentukipun bunder, gepeng, ageng, wonten sundukipun. Gegambaran pirembagan wonten nginggil punika ingkang dipunsebat faktor nepangaken basa utawi budaya enggal.

3) Saweg sandiwara njumbuhaken kawontenan sanyatanipun

Faktor ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten salajengipun inggih punika perkawis saweg sandiwara kangee njumbuhaken kawontenan sanyatanipun. Panganggit migunakaken tetembungan basa tartamtu amargi saweg

sandiwara utawi niru lelakon sanesipun saengga kedah migunakaken basa ingkang sami kaliyang ingkang dipuntiru. Pirembagan babagan perkawis punika karembag wonten tuladha data wonten ing ngandhap punika.

Data (52) : “Pelukise takon; ‘apa toh ***tata susila?*** Apa padha karo ***wanita tuna susila?***” (Ora Cucul ora Ngebul; 4)

Pelukisipun tanglet punapa niku tata susila sami kaliyan wanita tuna susila.

Data campur kode (52) punika perangan cakepan tembang ingkang irah-irahanipun Ora Cucul Ora Ngebul bait ingkang kaping sekawan. Saking tuladha data punika katingal bilih panganggit saweg sandiwara utawi niru tuturanipun pelukis ingkang dados inspirasinipun saking donya kasunyatan bilih wonten kadadosan kados menika nalika wonten gropyokan salebetipun hotel saengga dipunangge salebetipun perangan cakepan tembang. Panganggit kersa boten kersa niru paocapan saking pelukis kalawau. Dados, kanthi jalaran saweg sandiwara niru paocapanipun pelukis kalawau panganggit nglaksanakaken prastawa campur kode.

4) Ancas tartamtu (pisuhan)

Faktor ingkang ndayani campur kode ingkang sumberipun saking penutur ingkang pungkasan dipunpanggihaken gayutipun ancas tartamtu, wonten punika ingkang dipupanggihaken panganggenipun basa punika amargi pisuhan saking basa asalipun panganggit. Panganggit kanthi sengaja mlebetaken basa tartamtu salebetipun ukara basa ingkang sanes. Pangrembagan babagan punika kados wonten tuladha data ngandhap punika.

Data (33) : “*Ranto Gudel diajak belok ke kiri, dhemit elek asu tenan, ngumpet Ranto Gudel gerah...*” (*Cintamu Sepahit topi Miring*; 9)

Ranto Gudel dipunajak menggok mangiwa, “dhemit elek asu tenan” ingkang andadosaken Ranto gudel murka.

Data campur kode (33) punika saking perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Cintamu Sepahit Topi Miring bait* ingkang kaping sanga. Saking data wonten nginggil katingal bilih wonten *ungkapan* basa Jawi salebetipun ukara basa Indonesia. Panganggit kanthi sengaja migunakaken *ungkapan* basa Jawi kangge ancas pisuhan ingkang dipunlakokaken dening panganggit supados ugi tembangipun langkung *variatif* nadanipun. Punika saged dipungayutaken kaliyan gegambaran pagesangan padintenan bilih salebetipun pacelaton ugi wonten babagan pisuhan ingkang dipunangge dening masyarakat. Gegambaran pirembagan punika ingkang dipunsebat faktor gayutipun ancas tartatu wonten punika awujud pisuhan ingkang dipunpanggihaken.

b. Berlatar belakang basa

Faktor ingkang ndayani campur kode kategori ingkang kaping kalih inggih punika ingkang *berlatar belakang* basa. Basa punika minangka perkawis ingkang dipunrembag, dados faktor ingkang dhasar punika summberipun saking basanipun piyambak ingkang dipunangge. Asilipun panaliten babagan faktor ingkang ndayani campur kode wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF ingkang sumberipun saking basa karembag wonten ngandhap punika.

1) Winatesipun tembung

Asilinipun panaliten babagan faktor ingkang ndayani campur kode ingkang sumberipun saking basa ingkang kaping pisan inggih punika babagan winatesipun tembung. Tetembungan ingkang dipunangge salebetipun pawicantenan padinan masyarakat tartamtu, boten sedanten asalipun saking basa aslinipun. Kathah tetembung ingkang dipunangge dipunpundhut saking basa sanesipun amargi saking basa aslinipun langkung ewet milih tetebungan ingkang dipunangge, saengga asring migunakaken basa *asing* kalawau kange pawicantenan padintenan. Semanten ugi panganggit, ugi migunakaken basa *asing* utawi ampilan kange cakepan-cakepan tembang. Data ingkang dados tuladha pirembagan punika kados data panaliten wonten ngandhap punika.

Data (2) : “Nggo apa demokrasi nek mung ngapus?” (*Song of Sabdatama*; 7)

Kangge punapa demokrasi menawi namung badhe apus-apus sanesipun.

Data campur kode (2) punika perangan saking cakepan tembang ingkang irah-irahanipun *Song of Sabdatama bait* ingkang kaping pitu. Saking data punika katingal bilih wonten tembung saking basa Indonesia ingkang dipunangge inggih punika ‘*demokrasi*’. Tembung punika dipunangge kaliyan panganggit amargi boten wonten tetembungan saking basa Jawi ingkang sami tegesipun kaliyan tembung ‘*demokrasi*’, saengga milih tembung punika ingkang dipunangge salebetipun cakepan tembangipun. Gegambaran perkawis punika ingkang dipunsebat winatesipun tetembungan wonten basa aslinipun saengga migunakaken tetembungan saking basa sanesipun.

2) Basa utawi tetembungan langkung gampil dipunemut-emut utawi langkung akrab saha gumyak

Faktor kaping kalih ingkang dipunpanggihaken salebetipun panaliten ingkang sumberipun saking basa inggih punika basa utawi tetembungan langkung gampil dipunemut-emut. Wonten salebetipun pawincantenan padintenan ugi, masyarakat langkung remen migunakaken basa ingkang gampil dipunemut-emut amargi kanthi basa ingkang gampil punika saged langkung dipunmangertosi masyarakat wiyar. Panaliten punika ugi manggihaken perkawis ingkang dipunrembag, panganggit langkung remen migunakaken basa utawi tetembungan ingkang langkung gampil dipunemut-emut. Tuladha data ingkang dados pirembagan kados perkawis wonten nginggil karembag wonten ngandhap punika.

Data (19) : “Jaman biyen isih ngonthel numpak pit unta, saiki wis numpak **mobil** gedhe tur dawa.” (*Jula-juli Lollipop*; 6)

Jaman rumiyin taksih nitih onthel pit unta, ananging sakmenika sampun nitih mobil ageng ugi dawa.

Data campur kode (19) punika perangan cakepan tembang kanthi irah-irahan *Jula-juli Lollipop bait* ingkang kaping nem. Saking tuladha data punika katingan bilih wonten tembung saking basa Indonesia ingkang dipunangge salebetipun ukara basa Jawi. Punika katingal bilih panganggit langkung remen migunakaken tembung basa Indonesia ‘*mobil*’ tinimbang tetembungan basa Jawi “gerobak mesin roda papat”, amargi tembung saking basa Indonesia punika langkung gampil dipunemut-emut saha dipunsebataken ugi gampil dipunmangertosi tegesipun kaliyan masyarakat. Kajawi langkung gampil

dipunemut-emut, tetembungan dipunanggen ugi langkung akrab saha dipuntepang kaliyan masyarakat umumipun saengga dipunancasaken supados langkung gemyak tetembangan punika. Gegambaran perkawis punika ingkang dipunsebat basa utawi tetembungan ingkang dipunginakaken langkung gampil dipunemut-emut saha dipunsebataken ugi basa langkung dipuntepang utawi akrab.

3) ***Gayutipun variasi basa cakepan tembang***

Faktor kaping tiga ingkang dipupanggihaken inggih punika gayutipun *variasi* basa cakepan tembang. Salebetipun cakepan-cakepan tembang, panganggit migunakaken maneka warni basa. Panganggenipun maneka warni basa punika ancasipun supados tetembang punika langkung dipunmangertosi masyarakat ingkang wiyar dumugi manca nagari saha gayutipun kaiyan gensinipun panganggit. Saking kathahipun pangangenipun jinis basa punika lajeng katingal bilih cakepan tembang punika basanipun variatif. Data saking asilipun panaliten ingkang dados tuladha pirembagan punika karembag wonten ngandhap punika.

Data (35) : “*Memang enak jadi wedhus daripada manusia, bila mati manusia dikubur digundukan tanah, kepalanya dikencingi wedhus yang merumput.*” (*Cintamu Sepahit topi Miring*; 11)

Pinci langkung kepenak dados menda tinimbang mangungsa, manawi pejah manungsa dipunkubur wonten gundukan siti, sirahipun dipunuyuhi kaliyan menda ingkang nembe pados suket.

Data campur kode (35) punika saking perangan cakepan tembang ingkang irah-irahanipun *Cintamu Sepahit Topi Miring bait* ingkang kaping sewelas. Saking tuladha data punika katingal bilih wonten tembung basa Jawi salebetipun ukara basa Indonesia. Panganggit migunakaken tembung basa Jawi

salebetipun ukara basa Indonesia kanthi ancas supados basa salebetipun cakepan punika langkung *variasi* migunakaken maneka warni basa. Punika jumbuh kaliyan ancasipun panganggit wiwitanipun ingkang bilih basa ingkang dipunangge langkung variatif. Gegambaran pamilihipun maneka warni tembung ingkang dipunangge panganggit punika ingkang dipunsebat gayutipun *variasi* basa cakepan tembang.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Katitik saking asil panaliten alih kode saha campur kode wonten ing tuturan panganggit salebetipun cakepan tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation, dipunpanggihaken dudutan kados wonten ngandhap punika.

1. Jinis-jinis alih kode ingkang wonten salebetipun cakepan-cakepan tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF ingkang dipunpanggihaken inggih punika alih kode *intern* saha alih kode *ekstern*. Prastawa alih kode kasebat sumberipun saking basa Jawi, basa Indonesia, saha basa Inggris. Ingkang dipunpanggihaken wonten panaliten punika jinisipun alih kode ingkang awujud basa antawisipun basa Jawi dhateng basa Inggris, basa Inggris dhateng basa Jawi, saha basa Indonesia dhateng basa Inggris. Prastawa alih kode ingkang dipunpanggihaken langkung sekedhik tinimbang prastawa campur kode. Jinis-jinis campur kode ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten inggih punika campur kode *ke dalam, ke luar*, saha campuran. Basa sumberipun saking basa Jawi, Indonesia, Arab, Betawi, Sunda, saha Inggris. Prastawa campur kode kadadosan kanthi tandha nyisipipun wujud tetembungan, *frasa, baster, kata ulang*, saha *ungkapan/ idiom*. Campur kode *ke dalam* wonten panaliten punika dipunpanggihaken kanthi wujud tembung, *frasa, baster*, saha dwilingga/ *perulangan kata*. Campur kode *ke luar* wonten panaliten punika dipunpanggihaken kanthi wujud tembung saha *frasa*.

Ingkang jinis campur kode campuran wonten panaliten punika dipunpanggihaken kanthi awujud tembung-*baster* saha *frasa-baster*.

2. Faktor ingkang ndayani ingkang andadosaken alih kode wonten tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation ingkang dipunpanggihaken jumbuh kaliyan teorinipun Fishman saha Poedjasoedarmo inggih punika; (1) ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/manca & langkung gumyak, (2) langkung kepenak dipunmirengaken (gayutipun guru lagu) saha paring raos semangat, (3) gayutipun *reff/ hook* tembang, (4) gayutipun ukara wonten ngajengipun (*translate Inggris-Jawi*), (5) gayutipun *basa-basi* utawi *ungkapan*, saha (6) saweg sandiwarra. Faktor ingkang ndayani kadadosan prastawa campur kode ingkang dipunpanggihaken wonten ing tembang hip-hop Jawi anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation, jumbuh kaliyan pamanggihipun teorinipun Soewito saha Nababan ingkang karembag wonten dasaripun teori antawisipun inggih punika; (1) winatesipun tembung, (2) basa/ tembung gampil dipunemut-emut utawi langkung akrab saha gumyak, (3) kange ningalaken kawruhipun panganggit, (4) gayutipun *variasi* basa cakepan tembang, (5) nepangaken basa/ budaya enggal, (6) ancas tartamtu (pisuhan), saha (7) saweg sandiwarra njumbuhaken kawontenan sanyatanipun.

B. Pamrayogi

Asilipun panaliten punika dados dasaripun pamrayogi ingkang wonten gayutipun alih kode saha campur kode. Pamarayoginipun kados wonten ngandhap punika.

1. Panaliten punika nliti basa ingkang dipunginakaken salebetipun cakepan tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF babagan perkawis sosiolinguistik, mliginipun perkawis kadadosan alih kode saha campur kode. Saking punika, tasih wonten babagan perkawis basa sanesipun ingkang saged dipuntliti saking tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF punika, kados dene saking perkawis panganggenipun basa, interferensi, register purwakanthi, saha sanesipun. Ugi saged dipunkaji katitik saking segi sastra saha budayanipun.
2. Asilipun panaliten punika dipunarep-arep saged paring pambiyantu dhumateng pamaos saha penutur supados langkung tepang kaliyan alih kode saha campur kode. Kanthi maos panaliten punika dipunarep-arep pamaos saged mangertosi bilih panganggenipun alih kode saha campur kode dipunjumbuhaken kaliyan konteks saha kahananipun.
3. Kangge panganggit-panganggit tetembangan kedahipun mangertosi kaidah-kaidah tetembangan ugi panganggenipun alih kode saha campur kode katitik saking konteks saha kahananipun. Panganggit dipunajengaken langkung kathah migunakaken *varian* basa salebetipun cakepan tembang supados langkung dipunremeni kaliyan masyarakat mliginipun nem-neman saha umum.

C. Implikasi

Panaliten punika ningalaken bilih salebetipun cakepan tembang hip-hop Jawi anggitanipun JHF dipunpanggihaken prastawa alih kode saha campur kode ingkang kadadosan wonten panaliten punika. Kalih prastawa kasebat kadadosan amargi panganggit tembang punika minangka dwibasan utawi multibasan.

Panganggit nguwaosi langkung saking kalih jinis *varian* basa ingkang salajengipun ndayani wontenipun *kontak basa* salebetipun cakepan tembang anggitanipun saengga ndayani kadadosan prastawa alih kode saha campur kode.

Asil panaliten punika dipunarep-arep saged paring luberipun ilmu salebetipun kajian basa saha *komunikasi*. Kangge kajian basa, inggih punika ningalaken panganggenipun *variasi* basa mliginipun salebetipun tuturan panganggit wonten ing cakepan tembang hip-hopipun. Kangge *komunikasi*, inggih punika ningalaken basa ingkang sae saha leres dipunjumbuhaken kaliyan sinten saha wonten pundi priyantun *komunikasi*.

Asilipun panaliten punika ningalaken bilih prastawa alih kode saha campur kode saged dados salah satunggalipun cara damel *komunikasi* ingkang dipunlakokaken langkung *efektif* saha gampil. Ananging salebetipun komunikasi, kedah mangertosи *kaidah* panganggenipun basa supados langkung sae saha leres. *Variasi* basa ingkang wonten kedahipun dipunjumbuhaken kaliyan konteks saha kahananipun.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal (edisi revisi)*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal (edisi revisi)*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Daniyanto, Endi. 2013. "5 Kriteria Lirik Lagu yang Sempurna", <http://www.mahirmenulislagu.com>. Dipunakses wonten tanggal 18 Maret 2014.
- Fatimah T, Djajasudarma. 2006. *Metode Linguistik-Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung : Refika Aditama.
- Fishman, J.A. 1972. *The Sociology of Language*. Oxford: Oxford University Press.
- Jendra, I Wayan. 1991. *Dasar-Dasar Sosiolinguistik*. Denpasar: Ikayana.
- Jogja Hip-Hop Foundation. 2010. "Hiphopdiningrat The Crew", <http://www.hiphopdiningrat.com/about>. Dipunakses wonten tanggal 18 Februari 2014.
- Joyopuspito, Sunaryo. 2006. *Kursus Mencipta Lagu Pop*. Jakarta: Bina Musik Remaja.
- Kementrian Pendidikan Nasional Universitas Negeri Yogyakarta. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: UNY Press.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Kushartanti, dkk. 2005. *Pesona Bahasa: Langkah Pertama Memahami Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun, M.S. 2007. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Nababan, PWJ. 1986. *Sosiolinguistik suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

- Ohiwutun, Paul. 2007. *Sosiolinguistik Memahami Bahasa dalam Konteks Masyarakat dan Kebudayaan*. Jakarta : Kesaint Blanc.
- Padmosoekotjo, S. 1958. *Ngengrengan Kasusastran Djawa II*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. 2001. *Filsafat Bahasa*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastran Djawa*. Batavia: J. B. Wolters Uitgevers Maatschappij N. V. Groningen.
- Purnomo, Wahyu & Subagyo, Fasih. 2010. *Terampil Bermusik untuk SMP & MTs*. Jakarta: Pusat Perbukuan Kementrian Pendidikan Nasional PT Wangsa Jatra Lestari.
- R. Kunjana. 2001. *Sosiolinguistik, Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Publisher.
- Rosa, Ema Eliya. 2013. **Campur Kode Dan Alih Kode** Dalam Ujian Skripsi Mahasiswa Program Studi Pendidikan Basa Jawa. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS Universitas Negeri Yogyakarta.
- Rusmiyati, Lia. 2013. **Alih Kode Dan Campur Kode** Pada Proses Pembelajaran Basa Jawa Kelas IX SMA Adisutjipto Yogyakarta. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS Universitas Negeri Yogyakarta.
- Rusyana, Yus. 1988. *Perihal Kedwibahasaan (Bilingualisme)*. Jakarta: Depatemen Pendidikan dsn Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembagan Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Sibarani, Robert. 1992. *Hakikat Bahasa*. Bandung: PT. Citra Aditya Bakti.
- Soewito. 1983. *Pengantar Awal Sosiolinguistik Teori dan Problem*. Surakarta: Henari Offset Solo.
- _____. 1982. *Pengantar Awal Sosiolinguistik Teori dan Problem: edisi revisi*. Surakarta: Henari Offset Solo.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

- Sumarlan. 2005. *Teori dan Praktik Analisis Wacana*. Solo: Pustaka Cakra Surakarta.
- Tim Tugas Akhir Jurusan Bahasa Daerah. 2011. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)*. Yogyakarta. UNY Press.
- Thomason, Sarah. G. 2001. *Language Contact*. Edinburg: Edinburg University Press.
- Wardhaugh, Ronald. 1992. *An Introduction to Sociolinguistics*. Cambridge: Blackwell Publisher.
- Wikipedia, 2013. “Genre Musik”, http://id.wikipedia.org/wiki/Genre_musik. Dipunakses wonten tanggal 15 Februari 2014.
- _____, 2013. “Musik”, <http://id.wikipedia.org/wiki/Musik>. Dipunakses wonten tanggal 15 Januari 2014.
- _____, 2013. “Musik Hip-hop”, http://id.wikipedia.org/wiki/Musik_hip_hop. Dipunakses wonten tanggal 15 Februari 2014.

Tabel Analisis Alih Kode Wonten Tembang Hip-hop Jawa

Anggitanipun Jogja Hip-hop Foundation

No.	Data	Jinis Alih Kode		Faktor Sebabipun	Indikator/ Katrangan
		I	E		
1.	<p><i>"We are from Jogja, the heart of Java, our culture is weapon. Yeah, this Song of Sabdatama.</i></p> <p>Merapi ya iku, keraton ya iku, pancer ing tugu mijil tuwuh saka kono dumunungku. Ya, Ngayogyakarta hadiningrat negeriku." (Song of Sabdatama; 1-2)</p>	√		<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 2. Gayutipun <i>reff/ hook</i> tembang. 	Ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. (B Ing – B J)
2.	<p>"Ditohi pecahing dada luntaking ludira nganti pati, negeri mardika bakal tak belani.</p> <p><i>We are from Jogja, central of Java, our rhyme is mantra, flows down like lava.</i>" (Song of Sabdatama; 3-4)</p>		√	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 2. Gayutipun <i>reff/ hook</i> tembang. 	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Inggris. (B J – B Ing)
3.	<p>"Marang sedulur sikep kudu ngajeni lan ngopeni.</p> <p><i>Bumi pertiwi adalah saudara kami yang harus dijaga dan dihormati.</i>" (Song of Sabdatama; 5)</p>	√		<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
4.	<p>"Bangun jiwanya, bangun raganya sentausa dalam puspa warna.</p> <p><i>We are from Jogja, the heart of Java, our rhyme is mantra flows down like</i></p>		√	<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Inggris. (B I – B Ing)

5.	<i>lava.” (Song of Sabdatama; 5-6) “Why democracy if occupied by oligarchy? Nggo apa demokrasi nek mung ngapusi?” (Song of Sabdatama; 7)</i>	√	2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang.</i> 1. Gayutipun ukara wonten ngajengipun (<i>translate Inggris-Jawi</i>). Panganggit ngartosaken basa ingkang dipunangge.	Ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. (B Ing – B J)
6.	<i>“Why religion if only to kill humanity? Nggo apa agama nek mung mateni?” (Song of Sabdatama; 7)</i>	√	2. Gayutipun <i>basa-basi saha ungkapan.</i> 1. Gayutipun ukara wonten ngajengipun (<i>translate Inggris-Jawi</i>). Panganggit ngartosaken basa ingkang dipunangge.	Ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. (B Ing – B J)
7.	<i>“Hey oxymoron, you don’t need to teach me. Rasah nggurai merga ora migunani.” (Song of Sabdatama; 7)</i>	√	2. Gayutipun <i>basa-basi saha ungkapan.</i> 1. Gayutipun ukara wonten ngajengipun (<i>translate Inggris-Jawi</i>). Panganggit ngartosaken basa ingkang dipunangge.	Ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. (B Ing – B J)
8.	<i>“What Jogja want is harmony in diversity. Urip iku amrih nemu harmoni.” (Song of Sabdatama; 7)</i>	√	2. Gayutipun <i>basa-basi saha ungkapan.</i> 1. Gayutipun ukara wonten ngajengipun (<i>translate Inggris-Jawi</i>). Panganggit ngartosaken basa ingkang dipunangge.	Ewahipun basa saking basa Inggris dhateng basa Jawi. (B Ing – B J)
9.	<i>“Jogja, Jogja, tetap istimewa. Jogja istimewa, untuk Indonesia. Rungokna iki gatra saka Ngayogyakarta, negeri paling penak rasane kaya suwarga.” (Jogja Istimewa; 1-2)</i>	√	2. Gayutipun <i>basa-basi saha ungkapan.</i> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> .	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)
10.	<i>“Ning kene tansah edipeni lan mardika.</i>	√	2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang.</i> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa

11.	<p><i>Tanah lahirkan tahta, tahta untuk rakyat, dimana rajanya bersemi di qalbu rakyat.” (Jogja Istimewa; 2)</i></p> <p><i>“Demikianlah singgasana bermatabat, berdiri kokoh untuk mengayomi rakyat.</i></p> <p>Memayu hayuning bawana, seka jaman perjuangan nganti mardika.” (Jogja Istimewa; 2)</p>	√	masyarakat wiyar/ manca & basa langkung variatif.	Indonesia. (B J – B I)
12.	<p>“Memayu hayuning bawana, saka jaman perjuangan nganti mardika. <i>Jogja istimewa bukan hanya daerahnya tapi juga karena orang-orangnya.” (Jogja Istimewa; 2)</i></p>	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung variatif. 2. Gayutipun <i>ungkapan saha basa-basi</i> .	Ewahipun basa saking basa Iindonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)
13.	<p>“<i>Jogja, Jogja, Jogja istimewa untuk Indonesia.</i></p> <p>Tambur wis ditabuh, sulung wis muni.” (Jogja Istimewa; 3-4)</p>	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung variatif.	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
14.	<p>“Mukti utawa mati manunggal kawula Gusti.</p> <p><i>Menyerang tanpa pasukan, menang tanpa merendahkan, kesaktian tanpa ajian.” (Jogja Istimewa; 4)</i></p>	√	2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> . 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung variatif.	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
15.	<p><i>“Tradisi hidup di tengah modernisasi. Rakyatnya njajah desa milang kori, nyebarake seni lan budi pekerti.” (Jogja Istimewa; 4)</i></p>	√	2. Gayutipun <i>variasi basa-basi saha unggapan</i> . 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung variatif.	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)

16.	“Jogja, Jogja, Jogja istimewa untuk Indonesia. Elinga kabare Sri Sultan Hamengku Buwana Kaping IX, sakduwur-duwure sinau kudune dhewe tetep wong Jawa.” (<i>Jogja Istimewa</i> ; 5-6)	√	2. Gayutipun <i>variasi basa-basi</i> saha <i>ungkapan</i> . 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)
17.	“Sejarah ning kene wis mbuktikake. <i>Jogja istimewa bukan hanya tuk dirinya, Jogja istimewa untuk Indonesia.</i> ” (<i>Jogja Istimewa</i> ; 6-7)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>basa-basi</i> saha <i>ungkapan</i> .	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
18.	“Pring, pring petung, anjang-anjang peli <i>bunting</i> , aja menggok aja noleh ana turuk gomblah-gambleh. <i>Telanjang bulan malam dan terus berputar, remang terang lelaki ku berjalan di ufuk fajar.</i> ” (Rep Kedhep; 1-2)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
19.	“Lalu lelakiku diolesinya dengan kunir, rapalnya yang hijau dari daun kenikir. Pring, pring petung, anjang-anjang peli <i>bunting</i> , aja menggok aja noleh ana turuk gomblah-gambleh.” (Rep Kedhep; 3-4)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)
20.	“Pring, pring petung, anjang-anjang peli <i>bunting</i> , aja menggok aja noleh	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa

	ana turuk gomblah-gambleh. <i>Tiada yang berani, segala goda terbirit lari, lelakiku nyanyikan rapal dengan berapi-api.</i> " (Rep Kedhep; 4-5)	√	masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Indonesia. (B J – B I)
21.	"Dinyalakan dengan api beribu-ribu puji, gelap terang mewangi harumnya rapal mewangi. Pring, pring petung, anjang-anjang peli <i>bunting</i> , aja menggok aja noleh ana turuk gomblah-gambleh." (Rep Kedhep; 5-6)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)
22.	"Pring, pring petung, anjang-anjang peli <i>bunting</i> , aja menggok aja noleh ana turuk gomblah-gambleh. <i>Lelakiku lebur dalam mata air bulan.</i> (Rep Kedhep; 6-7)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
23.	"Hilang sudah bau jasadku, tenang tentram hasrat lelakiku, pu..pu..pulang d...d..damai rumahmu. Pring, pring petung, anjang-anjang peli <i>bunting</i> , aja menggok aja noleh ana turuk gomblah-gambleh." (Rep Kedhep; 7-8)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)
24.	"Sengkuni kok malah deprok, nong ee.. Nong ji nong ro (4x) <i>Senja di desa Baron matahari tenggelam di dalam kemaron.</i> " (Cintamu Sepahit Topi Miring; 1-2)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)

25.	<p><i>“Pak Mloyo memukul kenong, nong ji nong ro. Sengkuni leda-lede, mimpin baris ngarep dhewe, eh! Barisane menggok.”</i> (<i>Cintamu Sepahit topi Miring</i>; 5-6)</p>	√		<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i>. 	<p>Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)</p>
26.	<p><i>“Dengan irama nong ji nong ro Pak Mloyo pulang jalannya geloyoran. Sengkuni leda-lede mimpin baris ngarep dewe, eh! barisane menggok.”</i> (<i>Cintamu Sepahit topi Miring</i>; 7-8)</p>	√		<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i>. 	<p>Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)</p>
27.	<p><i>“Eh! barisane menggok, Sengkuni kok malah ndeprok. Ranto Gudel meminum arak bekonang mengantar gadis pulang berdandan bidan.”</i> (<i>Cintamu Sepahit topi Miring</i>; 8-9)</p>	√		<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken (<i>keuntungan</i>) supados dipunmangertosi masyarakat wiyar. 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i>. 	<p>Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)</p>
28.	<p><i>“Cinta manusia seperti umbul beking dulu bening sekarang keruh Ranto Gudel dengan empat istrinya tak pernah abadi cintanya. Sengkuni leda-lede, mimpin baris ngarep dhewe, eh! barisane menggok.”</i> (<i>Cintamu Sepahit topi Miring</i>; 9-10)</p>	√		<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i>. 	<p>Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)</p>
29.	<p><i>“Sengkuni kok malah deprok, nong ee.. Nong ji nong ro (4x). Emang enak jadi wedhus daripada manusia..”</i> (<i>Cintamu Sepahit topi</i></p>	√		<ol style="list-style-type: none"> 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i>. 	<p>Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)</p>

	<i>Miring; 10-11)</i> “Ciu cangkol hanyalah sepirtus tuk ngusir tikus, padahal dulu ku meminumnya sampai mampus. Sengkuni leda-lede, mimpin batris ngarep dhewe, eh! barisane menggok.” (<i>Cintamu Sepahit topi Miring; 11-12</i>)	√	2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> . 1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Indonesia dhateng basa Jawi. (B I – B J)
31.	“Apa kaya ngene jeneng negara berjuang? <i>Segala sesuatu ditentukan dengan uang.</i> ” (Ora Cucul ora Ngebul; 2)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> .	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
32.	“Kabeh digledah nek ana sing nyolong wadi, polisi muni; ‘ <i>Anda telah berbuat royal, itu artinya anda sudah melanggar moral.</i> ’” (Ora Cucul ora Ngebul; 4)	√	1. Saweg sandiwara njumbuhaken kahanan sanyatanipun.	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
33.	“Nek cen kui aku ngerti ayo gek ndang budhal. <i>Moral itu adalah tata susila, siapa yang melanggar akan kena razia.</i> ” Ora Cucul ora Ngebul; 4)	√	1. Saweg sandiwara njumbuhaken kahanan sanyatanipun.	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
34.	“Aja seneng nguntal negara, mundhak rakyatmu dadi sengsara. <i>Ini cerita negeri bedebah pemimpinnya hidup mewah, tapi rakyatnya hidup susah.</i> ” (Cecak nguntal Baya; 1-2)	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken; supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	Ewahipun basa saking basa Jawi dhateng basa Indonesia. (B J – B I)
35.	“Kebohongan itu lumrah, rakyat kecil hanya bisa pasrah, bubrah! parah!	√	1. Ancas ingkang dipunkajengaken;	Ewahipun basa saking

	<i>bubrah! parah! bubrah!</i> Ana cicak nguntal baya, baya coklat nyekel gada.” (Cecak nguntal Baya; 3-4)	√	supados dipunmangertosi masyarakat wiyar/ manca & basa langkung <i>variatif</i> . 2. Gayutipun <i>reff/ hook tembang</i> .	bas a Indonesia dhateng bas a Jawi. (B I – B J)
